**WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’**
**XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A’JINIYaZ ATI’NDAG’I’ NO’KIS MA’MLEKETLIK**
**PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI’**

***B.R. Qurbanbaeva***

# QARAQALPAQ TILI PA’NINEN WO’Z BETINSHE JUMI’SLAR

***(woqi’w - metodikali’q qollanba)***

**Joqari’ woqi’w wori’nlari’ndag’i’ ta’lim basqa tillerde**
**ali’p bari’latug’i’n fakultetlerdin’ bakalavriat bag’dari’ ushi’n**

**NO’KIS-2013**

***81.2. kk*** ***Du'ziwshi:*** **B.R. Qurbanbaeva**
***Q-96***

Ta'lim wo'zbek, qazaq, rus tilinde ali'p bari'li'p ati'rg'an qa'nigeliklerdin' studentleri ushi'n arnali'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an wo'z betinshe jumi'slardi' wori'nlawg'a arnalg'an bul qollanbada qaraqalpaq tilinde duri's, taza, ani'q so'ylewge ha'm jazi'wg'a u'yretiw na'zerde tuti'ldi'. Usi' maqsette studentler sabaqlardan bos waqi'tlarda qaraqalpaq tili pa'ninen wo'z betinshe jumi'slardi' wori'nlawi' ushi'n shi'ni'g'i'wlar, ta'rbiyali'q a'hmiyetke iye yerkin temalar, ayi'ri'm wori'nlarda sali'sti'rmali' ra'wishte qaraqalpaqsha ha'm wo'zbekshe tekstler, sonday-aq studentlerdin' qaraqalpaq tili pa'ninen alg'an teoriyali'q bilimlerin bekkemlew maqsetinde test sorawlari' da berildi.

Woqi'w-metodikali'q qollanba joqari' woqi'w wori'nlari'ni'n' studentlerine arnalg'an.

***Juwapli' redaktor:***

***Q.M.Qoshanov -*** A'jiniyaz ati'ndag'i' NMPI Rus filologiyasi' kafedrasi'ni'n' professori', filologiya ilimlerinin' kandidati'

***Pikir bildiriwshiler:***

***Q.Bekbergenov -*** Wo'zRIAQB Gumanitar ilimler ilim izertlew instituti'ni'n' u'lken ilimiy xi'zmetkeri, filologiya ilimlerinin' kandidati'

***B.Yusupova -*** A'jiniyaz ati'ndag'i' NMPI Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi'ni'n' u'lken woqi'ti'wshi'si', filologiya ilimlerinin' kandidati'

**Metodikali'q qollanba A'jiniyaz ati'ndag'i' No'kis ma'mleketlik pedagogikali'q instituti'ni'n' Woqi'w-metodikali'q Ken'esi qarari' (28-noyabr 2013-ji'l №3) menen baspadan shi'g'ari'wg'a usi'ni's yetilgen.**

# *Alg'i' so'z*

Ma'mleketlik til biyligine iye bolg'an qaraqalpaq tildi woqi'ti'wdi' bu'gingi ku'nnin' da'wir talaplari'na juwap beretug'i'n da'rejege jetkeriw a'hmiyetli wazi'ypalardan yesaplanadi'.

G'a'rezsizlikke yeriskennen son' qaraqalpaq tilinin' lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an jan'a a'lipbesi, imla qag'i'ydalari'ni'n' islenip shi'g'i'lg'anli'g'i', is ju'rgiziwdin' ma'mleketlik tilde ali'p bari'li'p ati'rg'anli'g'i', ta'lim wo'zbek, qazaq, rus tillerinde ali'p bari'latug'i'n qa'nigeliklerde qaraqalpaq tilin puxta u'yreniw za'ru'rliklerin keltirip shi'g'ardi'. Sog'an baylani'sli' joqari' woqi'w ori'nlari'ni'n' ta'lim basqa tillerde (wo'zbek, qazaq, rus) ali'p bari'latug'i'n toparlari'nda qaraqalpaq tilin ma'mleketlik til si'pati'nda u'yreniw wazi'ypasi' belgilendi.

Bul qollanbani' du'ziwdegi tiykarg'i' maqsetimiz studentlerdin' qaraqalpaq tilinen iyelegen bilim ha'm ko'nlikpelerin bekkemlew, ma'mleketlik tildi puxta u'yreniw, sol tiykari'nda wolardi'n' so'zligin bayi'ti'w, qaraqalpaq tilinen joqari' da'rejede awi'zeki ha'm jazba sawatli'li'g'i'n ta'miyinlewge yerisiwden ibarat.

Teoriyali'q temalardi' u'yreniw ha'm a'meliy shi'ni'g'i'wlardi' wori'nlaw arqali' studentler qaraqalpaq tili sabag'i'nda qa'tesiz duri's jazi'wg'a, qaraqalpaq tilinin' grammatikali'q qag'i'ydalari', normalari'na tiykarlani'p wo'z pikirlerin awi'zeki ha'm jazba tu'rde yerkin ayta ali'wg'a, wo'z betinshe jumi'slar islewge, tiyisli wori'nlarda irkilis belgilerin duri's qoyi'wg'a ha'm t.b. u'yrenedi. Sonli'qtan da, qollanbada ta'rbiyali'q a'hmiyetke iye yerkin temalar berildi. Wo'zbek tilindegi tekstlerdi qaraqalpaq tiline awdarmalawg'a baylani'sli' tapsi'rmalar ha'm teoriyali'q bilimlerin bekkemlew maqsetinde shi'ni'g'i'wlar, ayi'ri'm wori'nlarda test sorawlari' da berildi.

Ta'lim basqa tillerde ali'p bari'latug'i'n qa'nigeliklerdin' wo'zbek, qazaq, rus toparlari' studentlerinin' qaraqalpaq tilinen wo'z betinshe jumi'slardi' wori'nlaw ushi'n arnalg'an bul qollanbada kishigirim kemshilikler boli'wi' da mu'mkin. Degen menen, qollanba joqari' woqi'w wori'nlari' studentlerinin' qaraqalpaq tili pa'ninen wo'z betinshe jumi'slardi' wori'nlawi'nda u'lken paydasi'n tiygizedi.

## QARAQALPAQ TILI - MA'MLEKETLIK TIL
## QARAQALPAQ TILI QARAQALPAQ XALQI'NI'N' MILLIY TILI

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***

1. Berdimuratov Ye. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Leksikologiya. No'kis, «Bilim», 1994.

2. Da'wletov A. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika. No'kis, 2005.

3. Da'wletov A. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika. No'kis, 1999.

4. Qaraqalpaq tilinin' orfografiyali'q so'zligi. No'kis, 1994.

5. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'. No'kis, 2004.

***1-tapsi'rma.*** A'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Qaraqalpaq tili ne ushi'n ma'mleketlik til dep ataladi'?

2. Qaraqalpaq tilinin' rawajlani'w tariyxi' haqqi'nda jazi'n'.

3. Qaraqalpaq tilinde neshe ses bar? Wolardi'n' bo'liniwleri haqqi'nda jazi'n'.

4. Qaraqalpaq tilindegi sesler menen wo'zbek tilindegi seslerdin' ayi'rmashi'li'q belgilerin tu'sindirin'.

5. Ses ha'm ha'rip, wolardi'n' ayi'rmashi'li'g'i'n ayti'n'.

***1-shi'ni'g'i'w.*** Tu'sirilip qaldi'ri'lg'an ha'riplerdi qoyi'p jazi'n'.

### TA'BIYATTI' SU'WRETLEW

Aytaq..r. Ushi'-qi'yi'r.. me..en shet-shebir..ne ko'z j..tkis..z. Shelp..kl..nin' d..lasi' Qi'z..lq..mni'n' yerkesind..y to'sin k..rip jat..r. Qi'rd..n' wot-sho'pl.. ken' jazi'..i'na qo.. ba..i'p kel..en Asqar sh..pan qor..lar..n aylan..p, qoyl..ri'ni'.. si'rt..nan baqlap q..rap wot..r.

Wol b..razdan son' al.. g..wgim t..sken ma'..a'lde, qoylard.. yeki qora..a q..map, ..yine keld… Kesh..i aw..ati'n jep, qoylar..n k..rip keli..ge sh..qti'.

..spanda ay sha..qay..p tur. Shag'i'rayg'..n j..ldi'zl..r bir..nen so.. b..ri j..mi'n'la..di'. J..n-jaqt.. ala sa..i'ran yetip, aq sharbi' bultlar gezip ju'r. A..i'r jat..rda k..nnin' ra'm..wzi bird..n b..zi'ldi'. Yar..m aq..am sh..m..si'nda u'..din' ma..lay..ndag'i' aq taqi'rd..n' ..sti quw..rmashtay p..ti'rlaydi'. Shi'rt u..qi's..nan shorsh..p woya..g'an Asqar buni'.. q..tti' ja..g'an b..rshaq yeken..n sez..p ati'r.

Burshaq b..raz ja..di'. Ke..ninen az..antay jam..i'r s..lpilep aldi'. Ku'n jel..mik tart..i'. Bun..an son' burshaq ..enen s..lpi aralas..p qat..p, jerd..n' ..sti qa..ma..lasa bas..adi'. Son..n' ar..si'nda Asqardi'.. ko'zi il..nip kett… Ta.. uyqi's… hesh sh..datpa..di'. «Uyqi' dush..an»

degen, Asqar so..i'nda qar jawg'ani'.. da bilm..di. Ku'n..egi ..detinshe qoylard.. ta.. qara..g'i'si'nan son' tag'.. bir k..rip keli.. ush...n t..ri'p ket..p yedi, ..mba qardan yesik a..i'lmadi'.

***2-tapsi'rma.*** Qaraqalpaq tilinin' orfografiyali'q so'zliginen **i', i, a', w, n', g',u'** seslerine so'zler ko'shirin'. (ha'r bir seske 20 so'zden boli'wi' kerek)

***2-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdi alfavit ta'rtibinde jazi'n'.

Woti'r, dosti'm, suwi'q, za'berdes, mashina, talaba, quri'li's, kitap, woraq, ko'rik, ju'rek, tog'ayli'q, talap, xojali'q, tilek, terek, shabaq, bali'q, yesap, yetik, mektep, qosi'q, ka'sip.

***3-tapsi'rma.*** Wo'zbek tilindegi wo'zlerin'iz qa'legen tekstti ko'shirip qaraqalpaq tiline awdari'n'.

***4-tapsi'rma.*** Bilimin'izdi test sorawlari' tiykari'nda si'nap ko'rin'.

*1. Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an jan'a qaraqalpaq a'lipbesinde neshe ha'rip bar?*

A) 34

V) 33

S) 32

D) 41

E) 28

*2. Qaraqalpaq tiline til biyligi qashan berildi?*

A) 1989-ji'li' 1-noyabrde

V) 1991-ji'li' 21-dekabrde

S) 1989-ji'li' 21-oktyabrde

D) 1990-ji'li' 1-dekabrde

E) 1989-ji'li' 1-dekabrde

*3. Qaysi' qatarda dawi'sli' sesler bar?*

A) a, o, i, p, f, k, l, m

V) a, a', o, o', u, u', i', i, e

S) t, r, a, u, e, z, s, a', o

D) o, u, i, e, l, r, n, m

E) a, o, u, i, e, u', o', q

*4. Kitap, ilim, xabar so'zlerinde neshe dawi'ssi'z ses bar?*

A) 8

V) 6

S) 4

D) 7

E) 5

*5. Dawi'ssi'z sesler neshege bo'linedi?*

A) 5 ke

V) bo'linbeydi

S) 4 ke

D) 2 ge

E) 3 ke

*6. Berilgen so'zlerdin' tiyisli qosi'mtalari'n tabi'n'.*

U'y…, kitap…, No'kis…, studentler…, woqi'wshi'…, mektep…

A) –ler, -lar, -te

V) –lar, -ten', -te

S) –de, -g'a, -ler

D) –da, -lar, -ka

E) –lar, -ler, -te

## TIL – DOSLI'Q GILTI

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***


1. Berdimuratov Ye. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Leksikologiya. No'kis, «Bilim», 1994.

2. Da'wletov A. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika. No'kis, 2005.

3. Da'wletov A. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika. No'kis, 1999.

4. Qaraqalpaq tilinin' orfografiyali'q so'zligi. No'kis, 1994.

5. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'. No'kis, 2004.


***5-tapsi'rma.*** Berilgen a'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Orfografiya neni u'yretedi?
2. Orfoepiya neni u'yretedi?
3. Buwi'n degenimiz ne?
4. Buwi'nni'n' qanday tu'rleri bar?
5. Wo'tkerme degenimiz ne?
6. So'zler qalay wo'tkermelenedi?

***3-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen teksttegi so'zlerdi buwi'nlarg'a bo'lip jazi'n'.

**«MEHRIBANLI'Q U'YI» NDEGI MEHRIBANLI'Q**

Ha'dislerdin' birinde «Kewlin' jumsari'p talabi'n' won'i'nan keliwin qa'leysen' be? Jetimge rehim yet, basi'nan si'ypa, awqati'n'nan jegiz, sonda kewlin' ra'wshan tartadi' ha'm tilegin' ba'rjay boladi'» - delingen. Mine bul ga'plerden adam tek g'ana na'siyhat ali'p g'ana qoymastan, al sawap is islewge de talpi'nadi'.

«Sawap isti ha'r kim, ha'r ku'ni islewi kerek» degen danali'q ga'pke ju'ginsek, biz da'slep jetimlerge ja'rdem qoli'mi'zdi' sozi'wi'mi'z tiyis. Wo'ytkeni, wolar mehirge mu'ta'j...

Jurtbasshi'mi'z ha'r qashan jaslarg'a, balalarg'a bolg'an itibari'n ku'sheytip, atali'q g'amxorli'gi'n ko'rsetip, wolar ushi'n qolayli' sharayatlardi' jarati'p bermekte. G'a'rezsizlik ji'llari'nda tilge tiyek yetkendey unamli' jumi'slar islendi ha'm dawam yetpekte. A'sirese, bilimlendiriw tarawi'nda ali'p bari'li'p ati'rg'an jumi'slar keleshegimiz bolg'an jaslar ushi'n xi'zmet yetiwi so'zsiz.

Prezidentimiz I.A. Karimov Respublikami'zg'a sapari' dawami'nda jan'a obektlerdi ko'zden wo'tkeriw payi'ti'nda Xojelidegi 1-sanli' «Mehribanli'q u'yi» imarati'n bari'p ko'rgen yedi. Wonda islengen rekonstrukciya jumi'slari'na, ta'rbiyalani'wshi'lar ushi'n jarati'lg'an sharayatlarg'a joqari' baha berip, bul ibratli' islerden kewli tolg'anli'g'i'n atap wo'tti. Sonli'qtan da, barli'q wa'layatlardi'n' «Mehribanli'q u'yi» direktorlari'na, sonday-aq, sol aymaqtag'i' qala ha'm rayon prokuraturalari'na ayri'qsha tapsi'rma berip, usi' jerge ji'ynali'p, islengen ibratli' islerdi ko'zden wo'tkeriwdi ha'm bunnan wo'rnek ali'wi'n usi'ng'an yedi.

***4-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi berilgen so'zlerge tarti'm ha'm seplik jalg'awlari'n jalg'ap ko'shirip jazi'n'. Jazi'wda wolardi'n' wo'zgeriske ushi'raw sebeplerin tu'sindirin'.

Kitap, qolg'ap, woraq, taraq, mu'lik, ko'lik, ko'mek, tuli'p, noyabr, dekabr, g'o'rek, qari'n, besik.

| | |
|---|---|
| *U'lgi:* I bet kitabi'm | A. kitap |
| II bet kitabi'n' | I. kitapti'n' |
| III bet kitabi' | B. kitapqa |
| | T. kitapti' |
| | Sh. kitaptan |
| | O. kitapta |

***5-shi'ni'g'i'w.*** Orfografiyali'q so'zlikten tarti'm jalg'awlari'ni'n' jalg'ani'wi' arqali' wo'zgeriske ushi'rag'an 20 so'z tawi'p jazi'n'.

*U'lgi:* kitabi`m

***6-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdin' qaysi'si' duri's, qaysi'si' naduri's jazi'lg'an.

Azan'g'i'- azang'i', tu'n'gi-tu'ngi, iret-ret, iren'-ren', ren'li-iren'li, hawa rayi'-hawa i'rayi', basshi'-bashshi', duzshi'-dushshi', Rasbergen-I'rasbergen, Ireyim-Reyim, i'ras-ras, rash-i'rash, I'ri'sbiyke-Ri'sbiyke, Raygu'l-I'raygu'l, i'rawaj-rawaj, i'stakan-stakan, bank-banka, vokzal-vakzal, russha-rushsha, g'ayrat-qayrat, ha'zirgi-kazirgi.

***6-tapsi'rma.*** Wo'zlerin'iz qa'legen wo'zbekshe tekstti tan'lap qaraqalpaq tiline awdari'n'.

***7-tapsi'rma.*** Alg'an bilimlerin'izdi berilgen test sorawlari' tiykari'nda si'nap ko'rin'.

*1. Qaysi' qatardag'i' so'zler duri's jazi'lg'an?*

A) basshi', tu'lki, sari' ala at

V) bashshi', tu'lki, sag'at

S) Wori'mbay, a'kel, apar

D) ag' alti'n, a'wlat, ka'sip

E) bulut, arap, bashshi'

*2. Qaraqalpaq tilinde buwi'nlar neshege bo'linedi?*

A) 3 ke

V) 2 ge

S) 4 ke

D) 5 ke

E) bo'linbeydi

*3. So'zlerdin' duri's ayti'li'w qag'i'ydasi' ne dep ataladi'?*

A) orfografiya

V) orfoepiya

S) leksikografiya

D) frazeologiya

E) leksikologiya

*4. «Kitapxana» so'zi neshe buwi'nli' so'z?*

A) 2

V) 5

S) 1

D) 4

E) 3

*5. «Qaharman» so'zi qaysi' qatarda buwi'ng'a duri's bo'lingen?*

A) qah-ar-man

V) qahar-man

S) qa-har-man

D) qah-ar-ma-n

E) qaha-rman

*6. Qamaw buwi'nli' so'zdi tabi'n'.*

A) aq

V) yeli

S) ma'

D) nan

E) qara

*7. Qaysi' so'zdi wo'tkermelewge bolmaydi'?*

A) qant

V) arsha

S) ayna

D) yertek

E) keshe

*8. Qaysi' qatarda yeki buwi'nli' so'zler berilgen?*

A) alma, qapi'

V) kitap, da'pter, qaraqalpaq

S) nan, shay, shayi'r

D) mektep, bag'sha, un

E) A,D

## SO’Z BAYLI’G’I’ – TIL KO’RKI

***Wo’z betinshe jumi’s ushi’n a’debiyatlar:***

1. Berdimuratov Ye. Ha’zirgi qaraqalpaq tili. Leksikologiya. No’kis,«Bilim», 1994.

2. Berdimuratov Ye. Da’wletov A. Til bilimine kirispe. No’kis, 1988.

3. Da’wletov A. Ha’zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika. No’kis, 1999.

4. Qalenderov M. Qaraqalpaq tili sinonimlerinin’ qi’sqasha so’zligi. No’kis, 1990.

5. Sayi’mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin’ a’meliyati’. No’kis, 2004.

***8-tapsi’rma.*** A’debiyatlardan to’mendegi sorawlarg’a juwap tabi’n’.

1. Tildin’ leksikologiya tarawi’ neni u’yretedi?

2. So’zlerdin’ ko’p ma’nililigi degende neni tu’sinesiz?

3. So’zlerdin’ ko’p ma’nililiginin’ omonim ha’m awi’spali’ ma’nili so’zlerden ayi’rmashi’li’g’i’ nede?

4. Sinonim so’zler degen ne?

5. Omonim so’zler degen ne?

6. Antonim so’zler degen ne?

7. Wo’zlestirilgen so’zler degenimiz ne?

***7-shi’ni’g’i’w.*** Teksttin’ mazmuni’n qaraqalpaqsha so’ylep berin’. Teksttin’ mazmuni’n aydi’nlasti’ri’wshi’ sorawlar tabi’n’.

### YETMISH TIL SOHIBI

Bir shaharning podshosi o’z huzuriga barcha olim, shoirlarni to’plabdi. U Al-Farobiyni sinomoqchi bo’lib: «O’z joyingni topib o’tir», - debdi. Al-Farobiy to’g’ri podshohning taxtiga borib o’tiribdi. Shunda podshoh vaziriga boshqa tilda: «Bu turk adab saqlashni bilmas ekan»,- debdi.

Al-Farobiy ham shu tilda: «Taqsir, men yetmish tilni bilaman», - debdi.

Noqulay vaziyatda qolgan podshoh va xalifalar: «Kechiring, biz sizning shunchalik iqtidorga ega ekanligingizni bilmabmiz», - deb unga tan berishgan ekan.

***8-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen naqi’llardi’ ko’shirip jazi’p, wolardi’n’ ma’nisin tu’sindirin’. Antonim so’zlerdin’ asti’n si’zi’n’.

Dushpan ku’ldirip, dos ji’lati’p aytadi’. Dos basqa, dushpan ayaqqa qaraydi’. Jaqsi’ so’z jang’a azi’q, jaman so’z basqa qazi’q. Ko’p awi’z bir bolsa, bir awi’z joq boladi’. Ashi’w-dushpan, aqi’l-dos, aqi’li’n’a aqi’l qos. G’arg’i’s alma, alg’i’s al. Jamannan qash, jaqsi’g’a jantas. Wori’nli’ jerde tu’ye sho’gedi, wori’nsi’z so’ylegendi ha’r kim so’gedi. Jaqsi’ni’n’ jati’ bolmaydi’, jamanni’n’ uyati’ bolmaydi’. (Qaraqalpaq xali`q naqi’l-maqallari’)

***9-shi’ni’g’i’w.*** Wo’zlerin’iz woqi’p ati’rg’an ko’rkem shi’g’armalardan yamasa gazetalardan qaraqalpaq tiline awdari’lmaytug’i’n rus tilinen kirgen 20 so’z tawi’p jazi’n’.

***10-shi’ni’g’i’w.*** Qosi’qti’ woqi’n’. Asti’ si’zi’lg’an so’zlerdin’ leksikali’q ma’nisin ayti’p berin’. *Wolar qanday ma’nide:* ko’p ma’nili me, bir ma’nili me, tuwra ma’nili me, awi’spali’ ma’nili me? Qaysi’ so’zler sinonimlik qatarlardi’ du’zip kelgen.

**SENTYaBR**

Adam uli’ nurg’a woran degendey,
Ko’kte quyash alti’n nuri’n shashadi’,
Wo’zlerin saparg’a seyislegendey,
Ji’l quslari’ ko’kte ti’nbay ushadi’.

Sentyabr u’lkeme kelgen waqlarda,
Qi’zi’l ka’rwan jol tartadi’ dizilip,
Pali’z ati’zlari’nda ja’ne bag’i’nda,
Jemis pisti sabag’i’nan u’zilip.

Sentyabr ko’rik qosi’p jas bag’lari’ma,
Ken’ aymaqti’ aralap sen kelesen’,
Miynetkesh xalqi’mni’n’ pa’k i’g’bali’na,
I’ri’s, da’wlet, bayli’q boli’p yenesen’.

Mektebim a’jayi’p miywali’ daraq,
Sonshama qa’dirdan ko’riner ko’zge,
Jasqa ta’lim berip pitkergen qanat,
Qi’mbatli’ ustazlar, raxmet Sizge.

Men asi’g’i’p ku’ttim sentyabr tan’i’n,
Ju’regim sha’wkildep si’ymay xanag’a,
Ba’rha’ minnetdarman u’yretken ta’lim,
Su’yikli ustazi’m, mektep-anag’a. *(X. Saparov)*

***11- shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerden sinonimlerdi ko'shirip jazi'n'.

Azaplani'w, salamatli'q, qi'sqa, so'ylew, ko'rkem, alan'g'asar, gu'rrin'lesiw, ta'sirli, ma'nili, ayra tu'siw, sasi'w, suli'w, aji'rasi'w, ja'birleniw, ti'g'i'ntayan, japa shegiw, albi'raw, asi'g'i's, qi'staw.

***12-shi'ni'g'i'w.*** Antonim so'zlerdi tabi'n'.

Ko'z qorqaq, qol bati'r. Bati'r bar jerde, qorqaq bar. Miynet penen ra'ha't yekewi de barabar. Jaqsi' jani'n'a joldas, jaman mali'n'a joldas. Birewler-ba'lent, birewler-pa's. Jaqsi' menen joldas bolsan' jetersen' muratqa, jaman menen joldas bolsan' qalarsan' uyatqa.

***9-tapsi'rma.*** Alg'an bilimlerin'izdi berilgen test sorawlari' tiykari'nda si'nap ko'rin'.

*1. Formasi' birdey ma'nileri ha'r qi'yli' so'zlerdi... deymiz.*

A) sinonimler

V) omonimler

S) antonimler

D) omofonlar

E) turaqli' so'z dizbekleri

*2. Ma'nileri jaqi'n, formasi' ha'r tu'rli so'zlerdi... deymiz.*

A) omonimler

V) sinonimler

S) omofonlar

D) ko'p ma'nili so'zler

E) antonimler

*3. So'zlerdin' sinonimlerin tabi'n'.*

A) taynapi'r, si'baylas, qa'pelimde, mut

V) na'ha'n, uri'wlas, qa'pelimde, tosi'n

S) taynapi'r, qalalas, an'si'zdan, azatli'q

D) barli'g'i' da duri's

E) duri's juwap joq

*4. To'mendegi qatarlardan frazeologiyali'q so'z dizbegin tabi'n'.*

A) u'lgili woqi'wshi'

V) iyt wo'lgen jer

S) jaqsi' qi'z

D) mekteptin' bag'i'

E) mug'allim keldi

*5. Leksikologiya tildin' qanday tarawi'?*

A) Leksikologiya so'zlerdi u'yrenetug'i'n taraw

V) Leksikologiya so'zlerdin' leksikali'q ma'nisin ha'm qollani'li'wi'n u'yrenetug'i'n taraw

S) Leksikologiya seslerdi u'yrenetug'i'n taraw

D) Leksikologiya buwi'nlardi' u'yrenetug'i'n taraw

E) Leksikologiya so'zlerdin' quri'li'si'n u'yrenetug'i'n taraw

*6. Go'nergen so'zler bar qatardi' ani'qlan'.*

A) internet, kompyuter, menedjer

V) shi'g'i'r, shari'q, pazna, tuli'mshaq

S) wo'giz, arba, kolledj, shari'q

D) litsey, wot arba, aydar

E) shayi'r, kitap, tas shi'ra

## G'A'REZSIZ WO'ZBEKSTAN
## WO'ZBEKSTAN QUYASHLI' U'LKE

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***


1. Berdimuratov Ye. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Leksikologiya. No'kis, «Bilim», 1994.

2. Berdimuratov Ye. Da'wletov A. Til bilimine kirispe. No'kis, 1988.

3. Da'wletov A. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika. No'kis, 2005.

4. Qaraqalpaq tilinin' tu'sindirme so'zligi. I, II, III, IV tomlar.

5. Qaraqalpaq tilinin' orfografiyali'q so'zligi. No'kis, 1994.

6. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'. No'kis, 2004.


***10-tapsi'rma.*** A'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. So'zlikler haqqi'nda tu'sinigin'iz?

2. So'zliklerdin' qanday tu'rleri bar?

3. So'zlikler ne ushi'n kerek?

4. Wo'zlerin'izge tani's qanday so'zliklerdin' ati'n bilesiz?

5. Orfografiyali'q so'zlik, awdarma so'zlik ha'm tu'sindirme so'zlikler ne ushi'n qollani'ladi'?

***13-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n' ha'm woni'n' mazmuni' tiykari'nda wo'zlerin'iz qaraqalpaqsha tekst tayarlan'.

Vatan shunday tushunchaki, u ona kabi azizdir. Shuning uchun ham uni ona Vatan deymiz. Vatanga muhabbat tuyg'usi ona suti bilan qonga kiradi. Inson o'z Vatanida kamol topadi, qadrlanadi, hayot maktabini o'taydi, baxt-saodatga erishadi.

Vatanni asrab-avaylash har birimizning muqaddas burchimizdir. Vatan! Ne-ne aziz insonlar voyaga yetgan, uning porloq istiqboli uchun jon fido etgan zamin. El borki, Vatan bor. Vatansiz el darbadar. Vatan tushunchasi turli zamonlarda turlicha talqin etilgan. Vatan so'zi bugungidek mag'rur jaranglamagan. Mustaqillik tufayli jonajon yurtimiz O'zbekiston yanada chiroy ochdi, butun dunyoga yuz tutdi.

O'zbek xalqi o'z Vatanini doimo e'zozlab kelgan. Vatan qadrini hamisha yuksak tutgan. Shunday ekan, vatanni xuddi ota-onani sevgan kabi sevmoq kerak. Uning ozodligi, shon-shuhrati uchun kurashmoq zarur.

***11-tapsi'rma.*** «Wo'zbekstanni'n' bilimli jaslari'» degen temada tekst du'zin'.

***14-shi'ni'g'i'w.*** Qaraqalpaq tilinin' tu'sindirme so'zliginen *abadan, aspaz, bekkem, mi'qli', ku'shli, kerekli, joldas, woylasi'w, tayarlani'w, kitap, ayaq, bas, alma,* qami'sli'q so'zlerinin' ma'nilerin ani'qlap, ko'shirip jazi'n'.

*U'lgi:* Ku'shli - Kelb. Mi'qli', qari'wli', halli'.

Wo'gizin' ku'shli bolmasa bunsha to'gindi to'giw qayda. (85-bet)

***15-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti ko'shirip jazi'n'. Qaysi' so'zler uli'wma qollani'latug'i'n, qaysi'lari' termin so'zler yekenin ayti'p berin'.

## KESIRTKELER

Jer ju'zinde kesirtkelerdin' 3500 tu'ri Rossiyada 75, al bizin' respublikami'zda 12 tu'ri bar.

Kesirtkeler ma'yek ha'm tiri tuwi'w joli' menen ko'beyedi. Tiri tuwi'lg'an kesirtkeler 20 santimertden aspaydi'. Kesirtkenin' bul tu'ri suwda da jaqsi' ju'zedi ha'm suwli', tog'ayli' jerlerde jasaydi'.

Kesirtkelerdin' ayaqsi'z, ji'lang'a megzes tu'rleri de bar. Uzi'nli'g'i' 1,2 metr keletug'i'n kesirtkeler bizin' jerimizde da'ryag'a jaqi'n, pali'z yegilgen ati'zlarda, bag'larda ushi'rasadi'. Wolar ag'ashlarg'a yemin-yerkin wo'rmelep kete beredi.

Basqa ma'mleketlerde uzi'nli'g'i' 60 santimetrge jetetug'i'n kesirtkenin' uwli' tu'rleri de ushi'rasadi'. Wolardi'n' uwi' ha'tte, adamlardi' da wo'ltiriwi mu'mkin.

***12-tapsi'rma.*** Berilgen sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Wo'zbekstan Respublikasi' qashan g'a'rezsizlikke yeristi?
2. Wo'zbekstan Respublikasi' qashan BMSh g'a ag'za boldi'?
3. Wo'zbekstanda qanday qospa ka'rxanalar bar?
4. Wo'zbekstan jaslari' qanday maqsetler joli'nda ha'reket yetip ati'r?
5. Sizler she?

***13-tapsi'rma.*** So'zlikler boyi'nsha sorawlarg'a juwap berin'.

1. Ha'mmege wortaq so'zler menen terminlerdin' ayi'rmashi'li'g'i'n ayti'n'.
2. Qanday so'zler ka'sipke baylani'sli' so'zler dep ataladi'?
3. Qanday so'zler dialektlik so'zler dep ataladi'?
4. Qaraqalpaq tilinin' leksikasi'na basqa tillerden kirgen so'zlerdi ayti'n'.
5. Ne ushi'n tildin' so'zlik qurami'nan geypara so'zler shi'g'i'p, geypara so'zler jan'adan qosi'li'p woti'radi'?
6. Wo'zlerin'izge tani's qanday so'zlerdi bilesiz?
7. So'zlikler ne ushi'n du'ziledi?
8. Orfografiyali'q so'zlikler ne ushi'n du'ziledi?
9. Awdarma so'zlikler ne ushi'n kerek?
10. Tu'sindirme so'zlikler she?

## WO'ZBEKSTANNI'N' MA'MLEKETLIK BELGILERI

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***

1. Berdimuratov Ye. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Leksikologiya. No'kis, «Bilim», 1994.
2. Berdimuratov Ye., Da'wletov A. Til bilimine kirispe. No'kis, 1988.
3. Da'wletov A. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika. No'kis, 2005.
4. Sayi'mbetov Wo. Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'. No'kis, 2005.

***14-tapsi'rma.*** A'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. So’z dizbegi degen ne?

2. Yerkin so’z dizbegi menen turaqli’ so’z dizbeginin’ ayi’rmashi’li’g’i’ nede?

3. Ne ushi’n turaqli’ so’z dizbegi dep ataladi’?

4. Turaqli’ so’z dizbeklerinin’ naqi’l-maqallardan ayi’rmashi’li’g’i’ nede?

5. Turaqli’ so’z dizbeklerin ne ushi’n qollanami’z?

***15-tapsi’rma.*** Wo’zbekstanni’n’ ma’mleketlik belgilerinin’ eskizin si’zi’n’.

***16-shi’ni’g’i’w.*** Ga’plerdi woqi’n’. Turaqli’ so’z dizbeklerin tawi’p, wolardi’n’ ma’nilerin ayti’n’.

Awzi’ ala hesh kim menen dos bola almaydi’. Degen menen, jaslardi’ si’naw ma’jilisine shekem awzi’ bir si’yaqli’ boli’p ju’rgen biylerdin’ Maman saylag’annan keyin toyg’a qaramay ketkenine hayran. Maman woni’ tu’sinedi dep woylag’an yedi, awzi’ ashi’li’p lal boldi’. Woni’n’ tag’i’ bir minezi qanday jumi’s bolsa da bas tartpaydi’. Demnin’ arasi’nda bawi’r basi’p qalg’anli’qtan ba, usi’ «qonaq» degen so’zdi yesitkende, woni’n’ qay waq – bir waq bizin’ u’yden ketetug’i’ni’n yeslep, jani’m ashi’r yedi.

***17-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen turaqli’ so’z dizbeklerinin’ ma’nisinin’ bir so’zge barabar sinonimlerin tabi’n’.

Ko’zdi ashi’p – jumg’ansha… . Arag’a wot sali’w… . Jaydi’ basi’na ko’teriw… . Gegirdekke suw bu’rkiw… . Yeki ko’zi to’rt boli’w… . Jaman ko’zi menen qaraw… . Ko’pti ko’rgen… . Quwani’shi’ qoyni’na si’ymaw… . Iyt wo’lgen jer… . Qoyan ju’rek… .

***16-tapsi’rma.*** «Menin’ Watani’m Wo’zbekstan» degen temada shi’g’arma jazi’n’.

**17-tapsi’rma.** Berilgen tekstti qaraqalpaqshag’a awdari’n’ ha’m so’ylep berin’.

## O’ZBEKISTON QUYOSHLI O’LKA

O’zbekiston Respublikasi tibbiy-jug’rofiy sharoitlarga ko’ra eng qulay joylashgan mintaqalardan biridir. U O’rta Osiyo iqtisodiy tumanining markaziy qismida Amudaryo bilan Sirdaryo singari azim daryolar oralig’ida joylashgan. O’zbekiston o’z hududining kattaligi jihatidan evropadagi Buyuk Britaniya, Daniya, Shvetsariya, Avstriya davlatlarini birga olganda ulardan yirikdir.

Respublika shimoli-sharqda Qozog'iston, sharqda Qirg'iziston hamda Tojikiston, g'arbda Turkmaniston va janubda Afg'oniston bilan chegaradosh.

O'zbekiston Respublikasida tekislik va tog'lik rel'ef o'ziga xos ravishda qo'shilib ketgan.

***18-tapsi'rma.*** Alg'an bilimlerin'izdi berilgen test sorawlari' tiykari'nda si'nap ko'rin'.

*1. Ma'nzil uzaq, wo'mir qi'sqa. Asti' si'zi'lg'an so'zler wo'z-ara…*

A) omonim

V) sinonim

S) antonim

D) ko'p ma'nili so'z

E) duri's juwap joq

*2. «Qas penen ko'zdin' arasi'nda» frazeologizminin' ma'nisin tabi'n'.*

A) jaqi'n

V) demde

S) ali's

D) uzaq

E) ko'p

*3. «To'be shashi' tik turi'w» frazeologizminin' ma'nisin tabi'n'.*

A) uri'si'w

V) quwani'w

S) qatti' ashi'wlani'w

D) qatnaspaw

E) asi'g'i'w

*4. Men bu'gin tu's ko'rdim. Bu'gin tu'ste u'yge dosti'm keldi.*

*Asti' si'zi'lg'an so'zler wo'z-ara…*

A) omonim

V) sinonim

S) antonim

D) ko'p ma'nili so'z

E) frazeologizm

*5. Qaysi' qatarda dialektlik so'zler berilgen?*

A) shi'rpi'-ku'kirt

V) shalbar-shi'm

S) qosi'q-taqmaq

D) A, V

E) alti'n-altun

*6. Ga'pti toli'qti'ri'n'. ...awi'lda tura ma? ...awi'lda u'lken bag' bar.*

A) biz, bizin'

V) men, bizler

S) men, bizin'

D) wol, bizin'

E) men, bizlerdin'

*7. «Ji'lqi'man» so'zinin' ma'nisin tabi'n'.*

A) tu'ye bag'atug'i'n adam

V) ka'rwandi' basqari'p baratug'i'n adam

S) at bag'atug'i'n adam

D) duri's juwap joq

E) patshanan' ja'rdemshisi

## WO'ZBEKSTAN DU'NYA JU'ZI ARENASI'NDA

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***


1. Berdimuratov Ye. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Leksikologiya. No'kis, «Bilim», 1994.
2. Berdimuratov Ye., Da'wletov A. Til bilimine kirispe. No'kis, 1988.
3. Da'wletov A. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika. No'kis, 2005.
4. Nasi'rov D.S., Dospanov Wo. Qaraqalpaq tilinin' dialektologiyali'q so'zligi. No'kis, 1983.
5. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'. 2004.


***19-tapsi'rma.*** A'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Dialektlik so'zler degenimiz ne, qaraqalpaq tilinde neshe dialekt bar?
2. Termin so'zler degenimiz ne?
3. A'debiy til degenimiz ne?
4. A'debiy tildin' awi'zeki so'ylew tilinen ayi'rmashi'li'g'i' nede?
5. Dialektlik so'zlerdi a'debiy tildegi so'zlerden qalay aji'ratami'z?
6. Jasap ati'rg'an aymag'i'n'i'zda qollani'latug'i'n dialektlik so'zlerdi ayti'n'.

***18-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdin' sinonimin tawi'p jazi'n'.

Arnap… . shi’rpi’… . buzaw… . diywal… . shi’bi’n… . malaqay… . silos… . seksewil… . qi’rg’awi’l… . alasha… . qasaqana… .

***19-shi’ni’g’i’w.*** Ko’shirip jazi’n’. Dialektlik so’zlerdin’ asti’n si’zi’p, wolardi’n’ ne ushi’n dialektlik so’zler dep atalatug’i’ni’n ayti’p berin’.

Wol Nuri’mbetke juwap bergen boli’p, a’deyi Bekimbet yesitsin degendey juwan dawi’si’n dari’ldata so’yledi. Wol meshit qa’wimnin’ ja’ma’a’tinin’ woylasi’g’i’ menen u’sirdi ali’w ushi’n a’deyi ko’pshik soqti’ri’p keldi. Alg’an bali’qlari’n jo’rgem jibine baylap, keshke shekem ko’p bali’q shanshadi’. Ha’mmenin’ qoli’ qi’ymi’ldap ati’rg’an son’, kempirde qarap woti’ri’wdi’n’ yesabi’n tappay, skladtan won - won bes kilo jip ali’p, iynelik sali’p woti’rg’ani’na ji’li’nan asti’. Mexanizator Xojanazar g’awashani’ sapali’ yetip kultivaciyalaw, azi’qlandi’ri’w jumi’slari’n kewildegidey ju’rgizdi. Xali’qti’n’ tilinde jawi’nnan son’ wo’risti «jipkilen’» dep ataydi’. Wo’tepbergen bu’gin yerte turi’p, qoylardi’ azang’i’ jipgilen’ waqi’tta ko’k jantaqli’qqa wo’rgizip jiberdi. Ko’k sho’pten tuwrap tayarlang’an wot - sho’pti bizin’ ag’am «silos» dep ataydi’. Silos degen mazali’ bolatug’i’n qusaydi’. Qoylar woni’ jaqsi’ jeydi. Wol ji’llari’ aw, na’rete toqi’w ushi’n bali’qshi’lar uzi’nli’g’i’ qari’stay juqa taxtadan basi’n su’yir yetip, u’sh tilli shani’shqi’g’a usati’p bo’z toqi’ytug’i’n «ma’ki» isleytug’i’n yedi. Bo’z toqi’wshi’lar woni’ «ma’ki» dese, bali’qshi’lar woni’ «iynelik» deydi. Ba’ha’rde sawli’q qoylardi’n’ ba’ri de qozi’lawi’ mu’mkin.

***20-tapsi’rma.*** *T*ekstti qaraqalpaqshag’a awdari’p, so’ylep berin’.

1992-yil mart oyida O’zbekiston va Janubiy Koreya o’rtasida diplomatik aloqa o’rnatildi. 1992-yil 19-iyunda O’zbekiston Prezidenti I.Karimov Janubiy Koreya Respublikasiga davlat tashrifi bilan bordi. Bu safar ikki mamlakat o’rtasidagi iqtisodiy, savdo, madaniy-texnikaviy aloqalarga asos soldi. O’zbekiston bilan Janubiy Koreya o’rtasida davlatlararo munosabatlar va hamkorlik asoslari to’g’risida deklaratsiya imzolandi. Savdo-iqtisodiy ayirboshlash haqida, O’zbekiston iqtisodiyotini rivojlantirishga mablag’ sarflaydigan Janubiy Koreya ishbilarmonlariga beriladigan kafolatlar haqida bitimlar tuzildi. Madaniyat, maorif, ommaviy axborot, sayohat, sport sohalarida bahamjihat hamkorlik qilishning uzoq muddatga mo’ljallangan rejalari belgilab olindi. Janubiy Koreyadagi DEU Korporatsiyasi rahbariyati bilan Asaka avtomobil zavodi qurishga kelishildi. 1992-1996-yillarda «O’zDEU avto» O’zbekiston-Janubiy Koreya

qo'shma avtomobil zavodini loyihalashtirish va qurish ishlari amalga oshirildi. Zavod 1996-yil 25-mart kuni avtomobil ishlab chiqarishni boshlab yubordi.

O'zbekiston Sharqning eng rivojlangan mamlakati Yaponiya bilan ham hamkorlik qilmoqda. 1994-yili 16-19-may kunlari O'zbekiston davlat delegatsiyasi rasmiy tashrif bilan Yaponiyada bo'ldi. Safar paytida O'zbekiston bilan Yaponiya o'rtasida munosabatlarning asosiy printsiplari haqida qo'shma bayonot, tashqi ishlar bo'yicha munosabatlar haqida hujjat imzolandi.

O'zbekiston delegatsiyasi mashhur Panasonik kontsernida bo'ldi va uning rahbariyati bilan O'zbekistonda filial ochishga kelishildi. Respublikamiz shaharlarida Panasonik mahsulotlarini sotish yo'lga qo'yildi.

O'zbekistonda Yaponiyaning dunyoga mashhur «Mitsui va KO, LTD», «Sumitoto korpereyshn», «Tomen korpereyshn», «Chori» kabi kompaniyalarining doimiy vakolatxonalari faoliyat ko'rsatmoqda. Ular bilan O'zbekiston tashqi iqtisodiy vazirligi o'rtasida hamkorlik to'g'risida bitimlar imzolangan. Yaponiya hukumati Kukdumaloq neft-gaz kondensati konini o'zlashtirishda, Buxoroda neftni qayta ishlash zavodini qurishda, Farg'ona neftni qayta ishlash zavodini ta'mirlashda, telealoqa tarmoqlarini ta'mirlashda o'z sarmoyalari bilan qatnashmoqda. Faqat 1994-yili 40 nafardan ortiq yoshlar Yaponiyada malaka oshirib qaytdilar.

***20-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi berilgen so'zlerden awi'zeki ha'm jazba tilge qatnasli' so'zlerdi ayi'ri'p jazi'n'.

Topi'raq–torpaq, ko'mbedi-ko'nbedi, kelmedi- kemedi, keleati'r-kiyati'r, kelemis-kelemis, tu'ngi-tu'n'gi, wori'shsha-wori'ssha, jazsi'n-jassi'n, digirman-diyirman.

*U'lgi:* Awi'zeki so'ylew tili — A'debiy til

barami's — barami'z

## WO'ZBEKSTANDAG'I' BILIMLENDIRIW

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***

1. Wo'zbekstan Respublikasi'ni'n' Bilimlendiriw haqqi'ndag'i' ni'zami'. 1997-ji'l, avgust.

2. Berdimuratov Ye. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Leksikologiya. No'kis «Bilim», 1994.

3. Berdimuratov Ye., Da'wletov A. Til bilimine kirispe.   No'kis, 1988.

4. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'.  No'kis, 2004.

***21-tapsi'rma.*** A'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Aktiv leksika degenimiz ne?
2. Passiv leksika degenimiz ne?
3. Go'nergen so'zler degenimiz ne?
4. Neologizm degenimiz ne?
5. Ne ushi'n so'zler go'neredi?
6. Ne ushi'n tilimizge jan'adan so'zler kirip keledi?

***21-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerden ilim tarawlari'na ha'm ka'sipke baylani'sli' so'zlerdi aji'rati'p jazi'n'.

Almanax, a'debiyat, ba'yit, gu'rrin', yertek, maqala, feyil, hal feyil, sha'rt meyil, tariyx, ja'miyet, algebra, algoritm, yesap, hu'jim, a'sker, a'lipbe, ha'rip, hu'kim, huqi'q.

***22-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'p, go'nergen so'zlerdi tabi'n'. Wolardi'n' qollani'li'w sebebin tu'sindirin' ha'm teksttin' mazmuni'n  so'ylep berin'.

Qaraqalpaqlarda qatnas qurali'ni'n' ken' tarqalg'an tu'rinin' biri yeki digershikli arba bolg'an. Qaraqalpaqlardi'n' arbasi' ko'lemi jag'i'nan kishilew boli'p, wog'an wo'giz jegiledi. Sonli'qtan, bul wo'giz arba dep atalg'an.

Digershigine gu'lmi'yi'q qaqqan wo'zbekler qollani'latug'i'n arbalar da qaraqalpaqlardi'n' awi'llari'nda paydalani'lg'an. Qaraqalpaqlar bunday arbalardi' wo'zleri soqpag'an, Xorezm wo'zbeklerinen sati'p alg'an. Arbani'n' bul tu'rin «tatarba» yamasa «at arba» dep ataydi'.

Da'ryani'n' to'mengi jag'i'nda jasawshi' qaraqalpaqlar wo'zlerindegi arbani'n' wo'giz qosatug'i'n tu'rin «telegen arba» dep te ataydi'.

Wo'giz arba ha'm at arba menen bir qatarda xali'qti'n' turmi'si'nda yeshek qosqan arba da qollani'lg'an. (Qaraqalpaqlar tariyxi'nan)

***23-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Go'nergen so'zlerdi tawi'p wolardi'n' ha'zirgi turmi'sta kem qollani'li'w sebebin ayti'n', bul atamalardag'i' zatlardi'n' qanday wori'nlarda saqlanatug'i'nli'g'i'na itibar berin'.

Qaraqalpaq hayal-qi'zlari'ni'n' kiyim-kenshegi wog'ada bay tu'rge iye bolg'an. Wolar ha'r tu'rli alti'n, gu'mis zatlari' menen bezelgen.

Hayallar basi'na taqi'ya kiygen, si'rti'nan aydi'nli' yamasa jupqa menen worag'an. Ha'mmesi de si'rti'nan woraypek tartqan. Jaslari' qi'zi'l, sari', ko'k tu'rinen, al ka'ywani'lari' aqtan tartqan.

Toy merekege shi'g'arda, bir jaqqa qi'di'rg'anda bulardi'n' ha'mmesinin' u'stinen jegde jami'lg'an. Jegde menen bir qatarda, hayal-qi'zlardi'n' kiymeshek degen kiyimi de bolg'an. Qi'zlar kiyetug'i'n ko'ylek ko'binese, shati'rash yetip nag'i'shlani'p toqi'lg'an. Buni' «shati'rash ko'ylek» dep atag'an.

Shati'rash ko'ylek shan' bolar dep qag'i'naman,
Wo'n'irime ha'ykel, monshaq tag'aman. (Xali'q qosi'g'i')

Hayal-qi'zlardi'n' ayri'qsha kiyimlerinin' bir tu'ri-sa'wkele. Sa'wkele – nag'i's penen kestelep tigilgen ha'm ha'r tu'rli alti'n-gu'mis penen bezelgen hayal-qi'zlardi'n' bas kiyimi. Bul bati'r qi'zlardi'n' kiyimi retinde «Qi'rq qi'z», «Alpami's» usag'an xali'q da'stanlari'nda gezlesedi. *(Qaraqalpaqlar tariyxi'nan)*

***22-tapsi'rma.*** Tekstti woqi'p qaraqalpaqsha so'ylep berin'.

O'zbekiston Respublikasi Oliy Kengashi 1993-yil yanvar oyida Yoshlar siyosati bo'yicha Qonun qabul qildi. Viloyat hokimliklari O'zbekiston Respublikasi Vazirlar Kengashi 1992-yil 4-dekabrdagi 568-sonli qarori asosida viloyatlarda va tumanlarda yoshlar ishlari bo'yicha hokimlar raisligida Kengashlar tuzildi. Toshkent viloyatida yoshlar siyosatiga oid Dastur qabul qilindi. Yosh ijodkorlarning uy-joy sharoitini yaxshilash uchun hokimlik 82 xonali uyni yosh ijodkorlarga foydalanishga berdi. Qoraqalpog'iston, Xorazm, Qashqadaryo, Namangan va Buxoro viloyatlarida ham yosh ijodkorlarga uy-joy berildi. Bular mamlakatimizda yoshlarga ko'rsatilgan g'amxo'rlikning yorqin ifodasi.

Biroq ta'lim sohasida qoloqlik, zamonaviy va taraqqiy topgan davlatlar talablariga javob berolmaslik sezilmoqda. 9-sinfni bitirayotgan 450 ming nafar bolalarning 100 mingga yaqini ta'lim-tarbiya jarayonidan chetlashib qolmoqda. Shu boisdan 1997-yili 29-avgustda Oliy Majlis «Ta'lim to'g'risida» Yangi qonun va «Kadrlar tayyorlash bo'yicha milliy dastur» qabul qildi. O'zbekistonda 12 yillik majburiy ta'lim joriy qilindi. 9 sinfni bitirgan yoshlar uch yillik akademik litsey yoki kasb-hunar kollejlariga jalb qilinadigan bo'ldi.

«Ta'lim to'g'risida»gi Qonun va milliy dastur ta'lim tizimini tubdan isloh qilishni taqozo etadi. Islohotlar bosqichma-bosqich o'tkaziladi.

Birinchi bosqich o'tish davri bo'lib, u 1997-2001–yillarda davom etadi, ta'limning rivojlanishi uchun huquqiy-me'yoriy, ilmiy-metodik, moddiy shart-sharoitlar yaratiladi.

Ikkinchi bosqich 2001-2005–yillarni o'z ichiga oladi va milliy dastur to'liq amalga oshiriladi.

Uchinchi bosqich 2005 va undan keyingi yillarga mo'ljallangan bo'lib, unda to'plangan tajribalarni tahlil etish asosida kadrlar tayyorlash tizimi yanada takomillashtiriladi va rivojlantiriladi. O'zbekistonda uzluksiz ta'lim quyidagi turlarda amalga oshiriladigan bo'ladi: maktabgacha ta'lim, umumiy o'rta ta'lim, o'rta maxsus ta'lim va kasb-hunar ta'limi, oliy ta'lim, oliy o'quv yurtidan keyingi ta'lim, kadrlar malakasini oshirish va ularni qayta tayyorlash, maktabdan tashqari ta'lim.

## ILIM SI'RLARI' SHEKSIZ

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***

1. Berdimuratov Ye. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Leksikologiya. No'kis, «Bilim», 1994.

2. Jan'abaeva G. Adamni'n' estetikali'q ma'deniyati'. No'kis, «Bilim», 1990.

3. Gazeta ha'm jurnallar.

4. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'. No'kis, 2004.

***23-tapsi'rma.*** A'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Ilimiy stil degenimiz ne?
2. Wo'z qa'nigeligin'iz boyi'nsha qaraqalpaqsha ilimiy maqala jazi'n'.
3. Tezis jazi'n'.
4. Gazeta-jurnallardan ilimiy maqalalar tan'lap pikir jazi'n'.
5. Qa'legen maqala boyi'nsha ilimiy pikir jazi'wdi' u'yrenin'.

***24-shi'ni'g'i'w.*** Tekst mazmuni'n wo'z pikirlerin'iz benen toli'qti'ri'p so'ylep berin'. Teksttegi tayani'sh so'zlerdi aji'rati'n'.

## ILM O'RGANISH

Ilmi ko'p odamlarga ko'ra ilmim oz deb uyalmang, balki bilish, o'rganishni iltifot qilmasligingizdan, hafsalasizligingizdan uyaling. Mana bunisi aybdir.

Har vaqt ilm-hunarga mehr qo'ying, o'rgatilgan narsalarni yodingizdan chiqarmang, ilm-hunar o'rganishga chin ixlos bilan kirishing, yoshligingizni bekorga o'tkazmang.

Ilm o'qib katta mansab egasi bo'laman, mol-u-mulkim ko'payadi, degan niyat bilan ilmga kirishmang, bu xayolni ko'nglingizdan chiqaring. Ilm o'rganishdan maqsad mansab egallash, boylik orttirish emas, balki olim bo'lib, jamiyatga manfaat yetkazishdir, buni esingizdan chiqarmang.

O'qib olim bo'lganingizda ilmingiz bilan maqtanib, boshqalarni ko'zga ilmay mutakabbir bo'lib yurmang, olim odam kamtar, muloyim, tavozeli bo'ladi, ilmi bilan sira ham maqtanmaydi. Kecha-yu kunduz fikr-u zikri xalqqa foyda yetkazish bo'ladi.

***24-tapsi'rma.*** Gazeta-jurnallardan ilimnin' ha'r tu'rli tarawlari'na baylani'sli' jazi'lg'an ilimiy maqalalardi' woqi'p ilimiy stildin' wo'zgesheligin ayti'p berin'.

***25-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n', stillik wo'zgesheliklerine di'qqat awdari'n'.

**AZIYA**

Aziyani' haqi'yqati'nda da tawlar u'lkesi dep atasa boladi'. Woni'n' aymag'i'ni'n' 75 payi'zg'a jaqi'ni' tawlardan ibarat. Bul tawlardi'n' yen' u'lkenleri – Pamir, Tyan-Shan, Tibet, Gimalay, Hindikush ha'm Qaraqum tawlari' sanaladi'.

Aziyani'n' ta'biyati' da wog'ada go'zzal ha'm ha'r qi'yli'. Wonda qali'n' tog'aylar, da'ryalar, ko'ller ha'm sho'listanli'qlar bar. Wondag'i' Pamir, Tyan-Shan, Tibet, Gimalay tawlari'nda 1150 kvadrat kilomert maydandi' muzli'qlar iyelep jati'r.

Kontinenttegi da'ryalar Arqa muz okeani'na, Ti'ni'sh ha'm Hind okeanlari'na quyadi'. Da'ryalardi'n' ishindegi yen' uzi'ni' Yanczi' da'ryasi' boli'p, wol 5800 kilomertge ten'.

***25-tapsi'rma.*** Tekstti woqi'p, tu'sinigin'izdi so'ylep berin'.

**SIZLER HA'M BILIMLER A'LEMI**

Sizlerdin' bir qoli'n'i'zda gu'l, yekinshi qoli'n'i'zda portfel uslap mektepke kelgen ku'nin'iz ha'r birin'izdin' ko'z aldi'n'i'zda shi'g'ar. Woqi'wg'a keldin'iz. Bilimler yeline sayaxati'n'i'zdi' basladi'n'i'z.

Jas waqi'tta alg'an bilimin'iz bekkem boladi', deydi xalqi'mi'z. «Jasta alg'an bilimin', tasqa woyi'p jazg'anday» degen naqi'l bar. Qaraqalpaq xali'q do'retpelerinde de ilim-bilimnin' paydasi' ha'm go'zzalli'g'i' haqqi'nda ayti'ladi'. *Ma'selen:*

Woqi'w-woy azi'g'i',

Bilim-yer azi'g'i'.
Bilim- aqi'ldi'n' shi'rag'i'.
Bilimnin' ko'pligi joq,
Wo'nerdin' arti'qli'g'i' joq.
Woqi'y bersen' ko'zin' ashi'lar,
Jata bersen' uyqi' basar.

Xali'qti'n' ayti'wi'nsha: «Go'zzalli'qti'n' joqari' ko'rinisi adamdag'i' bilim boli'p yesaplanadi'». Ma'selen, «Qi'rqqi'z» da'stani'ndag'i' Gu'layi'mnin' dosti' ha'm aqi'lgo'yi – Sa'rbinaz tek suli'w qi'z, ta'jiriybeli ha'm ma'rt jawi'nger boli'p qalmastan, wol u'lken bilimge iye, sawatli' xat jaza aladi'.

Sa'rbinaz bilimpaz jaqsi'lap jazdi' xatlari'n.

Sawash tamam bolg'annan keyin wo'lgenlerdin' atlari'n tasqa woyi'p jazadi':

«Alti'n menen bina' yetti, wo'lgenlerdin' atlari'n».

Qaraqalpaq shayi'rlari' A'jiniyaz, Berdaq ta bilimge u'lken a'hmiyet bergen. Berdaq wo'z shi'g'armalari'nda:

Woyli' jigit jaqsi' bilimpaz keler.

*Ja'ne:*

Wo'z waqti'nda woynap ku'lsen',
Ilim qabi'n moyni'n'a ilsen',
Tawsi'lmastay bilim bilsen',
Ali'mli'qtan a'rmani'n' ne.

-dep jazadi'.

Bilimli boli'w-bug'an wo'zin'nin' ku'shin' menen, wo'zin'nin' jigerin' menen, wo'zin'nin' xi'zmetin' menen yerisiw. «Ilim iyne menen qudi'q qazg'anday» - dep biykarg'a ayti'lmag'an. Berdaq woqi'w menen bilimdi ba'lent tawg'a megzetedi, woni'n' to'besine shi'g'i'wda:

Aldi'n'da jati'r biyik jar,
Soni' assan' ko'p du'nya mal

- dep bilimdi joqari' bahalaydi'. Bilim ali'wg'a umti'lg'an adam qi'yi'nshi'li'qlardi' jen'ip shi'g'i'w ushi'n shi'damli'li'q penen alg'a qa'dem basi'wi' tiyis.

## INSAN HA’M JA’MIYET
## KONSTITUCIYA – TURMI’SI’MI’Z NEGIZI

***Wo’z betinshe jumi’s ushi’n a’debiyatlar:***

1. Wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’.
2. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’.
3. Berdimuratov Ye. Ha’zirgi qaraqalpaq tili. Leksikologiya. No’kis, «Bilim», 1994.
4. Qaraqalpaq tilinde is ju’rgiziw. No’kis, 1990.
5. Mahmudov N., Rafiev A., Yuldashev I. Ma’mleketlik tilde is ju’rgiziw. No’kis, 2005.

***26-tapsi’rma.*** A’debiyatlardan to’mendegi sorawlarg’a juwap tabi’n’.

1. Ra’smiy is qag’azlari’na neler kiredi?
2. Wolar ne ushi’n ra’smiy is qag’azlari’ dep ataladi’?
3. Wo’mirbayan, minezleme, ma’limleme, til xat, tu’sinik xat, arza, dag’aza, isenim qag’az u’lgilerin jazi’p berin’.
4. Ra’smiy is qag’azlari’n ne ushi’n qollanami’z?

***26-shi’ni’g’i’w.*** Teksttegi tayani’sh so’zlerdin’ ma’nisin tu’sindirin’. Tekst tiykari’nda sorawlarg’a juwap berin’.

Wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’ 1992-ji’li’ 8-dekabrde xalqi’mi’zdi’n’ wo’tmish miyrasi’ ha’m qa’diriyatlari’mi’zdi’n’ jarqi’n belgisi si’pati’nda jari’qqa shi’qti’. Tiykarg’i’ ni’zami’mi’zdi’n’ wo’zine say belgilerinin’ biri sonda, wonda biybaha milliy qa’diriyatlari’mi’z wo’z sa’wleleniwin tapqan. Mine, bir neshe ji’llardan berli usi’ ku’ndi xalqi’mi’z uli’wma xali’qli’q bayram si’pati’nda bayramlap kelmekte. Bul Konstituciya insan huqi’qlari’ ha’m ma’mleket g’a’rezsizligine sadi’qli’q, Wo’zbekstan puxaralari’ni’n’ ti’ni’sh turmi’s keshiriwin ta’miyinlew si’yaqli’ maqsetlerdi go’zleydi.

Konstituciya ma’mleketimizdin’ tiykarg’i’ ni’zami’ boli’p, yen’ joqari’ yuridikali’q ku’shke iye bolg’an hu’jjet.

Konstituciya konstituciyali’q du’zim tiykarlari’, ma’mleket du’zilisi, ma’mlekettin’ basqari’w tu’rleri, insanni’n’ huqi’qlari’, wolardi’n’ yerkinlikleri ha’m minnetleri, ma’mleket organlari’n du’ziw ta’rtibi ha’m t.b. belgilep beredi. Konstituciya normalari’ menen ja’miyettegi siyasiy-ekonomikali’q baylani’slar bekkemlenedi.

Wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’ 1992-ji’li’ 8-dekabrde Oliy Majlis ta’repinen qabi’l yetilgen. Sol ku’ni uli’wma xali’qli’q bayram dep belgilengen. Konstituciya kirisiw, alti’ bo’lim, 26 bap, 128 statyadan ibarat.

***Tayani’sh so’zler:*** Konstituciya, huqi’q, g’a’rezsizlik, ni’zam, ti’ni’shli’q, puxara, hu’jjet, yerkinlik, wazi’ypa, ma’mleketti basqari’w ha’m t.b.

***Sorawlar:***

1. Wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’ qashan qabi’l etildi’?
2. Konstituciyada neler wo’z sa’wleleniwin tapqan?
3. Konstituciya nelerge kepillik beredi?
4. Konstituciyada qanday maqsetler go’zlengen?
5. Konstituciya ne ha’m wol qanday ku’shke iye?
6. Konstituciya neshe bo’lim, neshe bap, neshe statyadan turadi’?

***27-tapsi’rma.*** «Menin’ huqi’qlari’m» degen temada tekst du’zin’.

**27-shi’ni’g’i’w.** «Ulli’ jipek joli’» haqqi’nda sa’wbetlesin’ ha’m u’lgidegidey dialoglar du’zin’, da’pterin’izge jazi’n’. Dialogti’n’ keynin toli’qti’ri’n’.

**ULLI’ JIPEK JOLI’**

- Abdulla, Ulli’ jipek joli’ haqqi’nda yesittin’ be?

- A’lbette, yesittim. Worta a’sirlerde Shi’g’i’stan Bati’sqa qaray u’lken sawda joli’ bolg’an.

- Ayt shi’, bul jol qaysi’ qalalardan wo’tken?

- Ju’da’ ko’p qalalardan wo’tken. Worayli’q Qi’taydan baslani’p, Qashqar, Osh, Andijan, Qoqand, Tashkent, Samarqand, Buxara, Xiywa, Istanbul ha’m t.b. ko’plegen qalalardi’ bir - birine baylani’sti’rg’an.

- Sawdagerler neler menen sawda qi’lg’ani’n ha’m bilesiz be?

- Awa, bilemen …

***28-tapsi’rma.*** To’mendegi sorawlarg’a juwap tabi’n’.

1. Atli’q so’z shaqabi’ haqqi’nda tu’sinigin’iz?
2. Atli’qti’n’ basqa so’z shaqaplari’nan ayi’rmashi’li’g’i’ nede?
3. Seplik degenimiz ne?
4. Wo’zbek tilinde atli’qti’n’ seplikleri neshew ha’m wolar qalay ayti’ladi’?

***29-tapsi'rma.*** To'mende ra'smiy is qag'azlari'ni'n' u'lgileri berilgen. Wolardi'n' jazi'li'w ta'rtibin u'yrenin'.

**Dag'aza**

Usi' ji'ldi'n' 10-yanvari' ku'ni saat 10-00 da Filologiya fakultetinin' 1-a topari'nda ma'jilis boladi'.

**Ma'jilistin' ku'n ta'rtibi:**

1. Studentlerdin' qi'sqi' sessiyag'a tayarli'g'i'.
2. Ag'i'mdag'i'lar.

1-a topari'.

**Arzani'n' u'lgisi**

Filologiya fakulteti dekani'
G.Qurbaniyazovqa usi' fakultettin'
1-a topar studenti G. Aytmuratovadan

Arza

Usi' arzam arqali' sizden qaldi'rg'an saatlari'mdi' qayta wo'zlestiriwge ruxsat beriwin'izdi soranaman.

Qoli': Ati' Familiyasi'
2013-ji'l 10-mart

**Ku'ndelik**

Jeddi ayi'ni'n' won yekinshi sa'nesi. Men worni'mnan yerte, saat 7-00 de turdi'm. Bu'gin ku'n ashi'q. Dene shi'ni'qti'ri'w isledim. Son'i'nan juwi'ndi'm. Awqatlani'p boli'p woqi'wg'a kettim. Bu'gin a'debiyattani'w ha'm qaraqalpaq tili sabaqlari'nan jaqsi' bahalar aldi'm. Sabaqtan keyin u'yge qaytti'm. Awqatlani'p boli'p, sabaq tayarlawg'a woqi'w zali'na kettim.

**Telegramma**

Man'g'i't. Nawayi' ko'shesi №6 jay. Raximov Abatqa. Sizdi tuwi'lg'an ku'nin'iz benen qutli'qlayman.

*(Ati' Familiyasi')*

## A'DEBIYAT-RUXI'YLI'Q TIYKARI'
## TU'RKIY TILLES XALI'QLAR A'DEBIYATI'NI'N' MAQTANI'SHI'

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***


1. Ma'mbetov K. Shi'g'i's a'debiyati' tariyxi'. No'kis, 1993.

2. Ma'mbetov K. Nawayi' ha'm qaraqalpaq a'debiyati'. No'kis, 1991.

3. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'. No'kis, 2004.

4. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya. No'kis, 1981.


***30-tapsi'rma.*** A'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Sanli'q so'z shaqabi' haqqi'nda tu'sinigin'izdi ayti'p berin'.
2. Sanli'qti'n' basqa so'z shaqaplari'nan wo'zgesheligi.
3. Sanli'q ma'nisine qaray neshege bo'linedi. Wolardi'n' tu'rlerin ayti'n'.
4. Sanli'qlar ko'plik, seplik, betlik jalg'awlari' menen tu'rlene me?
5. Usi' jalg'awlar qosi'lg'annan keyin qaysi' so'z shaqabi'ni'n' xi'zmetine wo'tedi?
6. To'mende berilgen sanlardi' so'z benen jazi'n'.

12 , 19, 1000, 12000, 1/3, 10, 15, 0,5, 1,5, 25, 100, 4/2.

***28-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi sanlardi' so'z benen jazi'n'. Wolardi'n' jazi'li'wi'na di'qqat awdari'n'. Quri'li'si' boyi'nsha qanday sanli'q yekenin ayti'n'.

11, 15, 40, 43, 69, 70, 151, 211, 300, 355, 1000, 1942, 1945, 1990, 2000, 451675, 61000000.

**29-shi'ni'g'i'w.** Berilgen naqi'llardi' woqi'n'. Ma'nisine di'qqat yetin'. Naqi'llardag'i' sanli'qlardi' tawi'p wolardi'n' qanday qosi'mtalar menen kelgenin ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetin atqari'p turg'ani'n ayti'n'.

1. Mi'n'di' tani'g'ansha, birdin' ati'n bil. 2. Birdi ko'rip pikir qi'l, bardi' ko'rip shu'kir qi'l. 3. Birewden yekew jaqsi'. 4. Birdin' ka'sapati' mi'n'g'a tiyedi. 5. Yeldin' ko'zi yeliw, biri ko'rmese, biri ko'redi. 6. Yeldin' awzi'n ti'ymag'a, yelli ag'ari' bo'z kerek.

***30-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen sanli'qlardan ga'p quran'.

U'sh, yeliw jeti, bir ju'z won bes, yeki ju'z toqsan to'rt.

***31-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen tekstti qaraqalpaqshag'a awdari'p, ishinen sanli'qlardi' tabi'n'.

Bu go'dakni 1941 - yil qishda Mirhaydar farzandlikka olgan edi. Urush tufayli ota-onasiz qolgan va O'zbekistonga yuborilgan go'daklardan edi. Chamasi uch yashar rus bolasiga Qutluqjon deb ot qo'yildi. Mirhaydar va uning xotini o'z farzandiday mehr bilan parvarish qila boshladi. Tillabibi qo'sha-qo'sha ko'ylaklar, kamzullar, beqasam choponlar tikib kiydirdi. Qo'shnilarning bolalari bilan hamisha birga o'ynab, Qutluqjon tez orada o'zbekcha gapira boshladi. Boshida butun bir kolxozning tashvishi bo'lishiga qaramay, rais bolani erkalashga, tarbiyalashga vaqt topdi. Qish kechalari Qutluqjonni tizasiga o'tkazib, bir zamonlar, o'zi bolalik chog'ida buvisidan, bobosidan eshitgan ertaklarni aytib berdi.

***31-tapsi'rma.*** Qosi'qti' woqi'n'. Avtori'n ayti'n'.

Bul du'nya bar yeken, sen barsan' insan,
A'lem sag'an mu'ta'j, sen mu'ta'j wonnan.

Bul du'nyada hesh kim bolmas gu'ldin' sebeti,
Biraq bolg'ay jaqsi'li'q at qaldi'ri'w niyeti.
Iyele tezden sen, wo'nerdin' tu'rin,
Waqi't jetkizbeydi ushqan ji'ldi'ri'm.

Bul u'lken ba'ygiden keshikken adam,
Uyqi'da qalg'anday aldanar mudam.
Tu'rki tilde qolg'a ali'p qa'lemdi,
Qa'lem menen boysi'ndi'rdi'm a'lemdi.

Kewil bo'ldi so'zime tu'rkler de,
Tek tu'rk yemes, ba'lki tu'rkmen de.
Wo'zime japa qi'lsa, bir ma'rtebe «waq» dermen,
Biraq yelge japa qi'lsa, mi'n' ma'rtebe «dat» dermen.

***32-tapsi'rma.*** Teksttin' izin dawam yetip jazi'n'. Qaraqalpaqsha so'ylep berin'. A.Nawayi'ni'n' qosi'qlari'n yadlan'.

A.Nawayi' wo'zbek xalqi'ni'n' a'jayi'p perzenti dani'shpan shayi'r ha'm woyshi'l. Wol pu'tkil du'nyag'a dawri'q salg'an ku'nshi'g'i's klassikali'q a'debiyati'nda «Jeti juldi'zdi'n' biri». Woni'n' dani'shpanli'q penen jazi'lg'an poeziyasi' aldi'nda pu'tkil du'n'ya ju'gindi.

Wol ha’tte wa’zir da’rejesine jetiwine qaramastan, ha’melden ko’re xali’q ma’pin joqari’ sanag’an, wo’z do’retpelerinde xali’q ma’pin ji’rlag’an.

A.Nawayi’ 1441-ji’li’ 9-fevralda sol da’wirdin’ yen’ ko’rnekli qalalari’ni’n’ biri Xerat qalasi’nda tuwi’lg’an. A’kesi G’iyasatdin kishkene saray ha’meldarlari’ni’n’ biri bolg’an. Anasi’ Temuriy shaxzadalari’ni’n’ ta’rbiyashi’lari’nan biri.

***33-tapsi’rma.*** Alg’an bilimlerin’izdi test sorawlari’ tiykari’nda si’nap ko’rin’.

*1. Bir mi’n’ tog’i’z ju’z alpi’s to’rt. Sanli’qti’n’ qaysi’ tu’ri?*

A) sanaq san

V) qatarli’q san

S) bo’lshek san

D) toplaw san

E) shamali’q san

*2. Yekew, altaw so’zleri sanli’qti’n’ qaysi’ tu’ri?*

A) toplaw san

V) sanaq san

S) shamali’q san

D) ji’ynaqlaw san

E) bo’lshek san

*3. Woti’zdan, to’rtten so’zleri sanli’qti’n’ qaysi’ tu’ri?*

A) bo’lshek san

V) toplaw san

S) ji’ynaqlaw san

D) shamali’q san

E) sanaq san

*4. Woti’zlarda, u’sh-to’rt, ju’zden aslam so’zleri sanli’qti’n’ qaysi’ tu’rine kiredi?*

A) sanaq san

V) shamali’q san

S) bo’lshek san

D) toplaw san

E) qatarli’q san

*5. Won-wonlap, ju’z-ju’zlep, mi’n’-mi’n’lap so’zleri sanli’qti’n’ qaysi’ tu’ri?*

A) qatarli’q san

V) sanaq san

S) shamali'q san

D) bo'lshek san

E) toplaw san

## QARAQALPAQ SHAYI'RLARI'.
## A'JINIYAZ, BERDAQ

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***

1. A'jiniyaz. Tan'lamali' shi'g'armalari'. No'kis, 1988.
2. Berdaq. Tan'lamali' shi'g'armalari'ni'n' ji'ynag'i'. No'kis, 1977.
3. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'. No'kis, 2004.
4. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya. No'kis, 1981.

***34-tapsi'rma.*** Berilgen a'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Kelbetlik so'z shaqabi' haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Tiykar ha'm do'rendi kelbetlikler degenimiz ne?
3. Kelbetlik ko'binese qaysi' so'z shaqaplari' menen baylani'sadi' ha'm qaysi' ga'p ag'zani'n' xi'zmetinde keledi?
4. Kelbetliktin' da'rejelerin ayti'n', mi'sallar keltirin'.
5. Kelbetliktin' atli'qlasi'wi'n ayti'n', mi'sallar keltirin'.

***32-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen kelbetliklerdin' antonimlik qatarlari'n tawi'p, ko'shirip jazi'n'.

Jaqsi'-

Uzi'n-

Shi'rayli'-

U'lken-

Ku'shli-

Bati'r-

Aqi'lli'-

Keshegi-

Jari'q-

Aq-

Ashshi'-

***33-shi'ni'g'i'w.*** To'mende berilgen kelbetliklerdin' tiyisli qosi'mtalari'n qoyi'p, sali'sti'ri'w da'reje jasan'.

Jasi'l, qi'zi'l, sari', jaqsi', jaman, aq, ko'k, targ'i'l, semiz, ari'q, uzi'n, qi'sqa, kewilsiz, kewilli, ashshi', teren', bilgir, arzan, qi'mbat, ken', tar, juwan, jin'ishke, joqari', to'men, uzaq, jaqi'n, aqshi'l, ko'kshil, qi'zg'i'sh.

***34-shi'ni'g'i'w.*** Ko'p noqatti'n' worni'na kelbetliktin' tiyisli qosi'mtalari'n qoyi'p jazi'n'.

1. Qubladan hu'wlep ku'sh... samal yesedi. 2. Biraq biyik i'rashtan jag'i'm... samaldi'n' ku'shi arti'qmash ta'sir yetpeydi. 3. Jas Maraldi'n' ko'zin... mo'ldir qara ko'zin do'geregine to'n'kerip taslap qaranadi'. 4. Qumlar gu'mis... tu'ske yendi. 5. Wol du'kannan a'det... kitap sati'p aldi'. Bizin' ag'am wog'i'ri' gu'rrin'... adam yedi.

***35-tapsi'rma.*** Wo'zlerin'iz woqi'p ati'rg'an ko'rkem shi'g'armalardan kelbetliktin' ha'r bir tu'rine 15 mi'sal jazi'n'.

***35-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Jup kelbetliklerdin' arasi'na irkilis belgilerin qoyi'n'.

1. Jer beti woyli' biyikli, shi'g'i's ta'repi U'stirttin' jarlari'n wo'z ishine aladi'. 2. Topi'rag'i' boz qon'i'r boli'p keledi. 3. Bul rayondag'i' uzi'n uzi'n maydanlarg'a seksewil yegiw maqsetke muwapi'q keledi. 4. Wo'simlikler a'sirese qoylarg'a, yeshkilerge, tu'yelerge azi'q awqat boladi'. 5. Beles beles woyli' biyik do'n'liktin' to'besinen qap-qara bult do'nip tur.

***36-shi'ni'g'i'w.*** Atli'qlasqan kelbetliklerdi tabi'n'.

Jaqsi'dan sharapat, jamannan zi'yat,
Izzetinde bolg'i'l jaqsi'ni'n' mudam.
So'z ma'nisin bilmes zeyni pa's adam,
Danalardi'n' aytqan so'zine turmas.

*(Maqti'mquli')*

Na'ma'rtten bir na'rse sorasa g'a'rip,
Na'rse bermes ju'z mi'n' barsa jalbari'p,
Jamandi' wo'limnen alsan' qutqari'p,

Bolmas hesh bir sennen za'rre minneti.

*(A'.Q.)*

Woyshi'l jaqsi' jigit bilimpaz keler,
Aytqan ga'plerin'e tu'simpaz keler,
Aqi'lsi'zdi'n' qa'siyeti az keler,
Aqmaqlar hesh xi'zmet yetpes xali'q ushi'n.

*(Berdaq)*

Aqmaq ba'rha aqi'lli'ni' ku'ydirer,
Pi'shi'q boli'p ti'rnaqlari'n tiydirer,
Woni'n' ushi'n wo'kpelewge wori'n joq,
Jaqsi'g'a da, jamang'a da iyt u'rer.

(T.Jumamuratov)

***37-shi'ni'g'i'w.*** Ishinde atli'qlasqan kelbetligi bar naqi'l-maqal tawi'p jazi'n'.

*U'lgi:* Jaqsi'ni'n' jati' bolmas.

***38-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen tekstti qaraqalpaqshag'a awdari'n' ha'm so'ylep berin'.

## AJINIYOZ-QORAQALPOQ XALQINING SEVIMLI SHOIRI

Ajiniyoz Qosivoy o'g'li 1824-yilda Qoraqalpog'iston Respublikasining Mo'ynoq tumanida tug'ilgan. U avval o'zi yashagan Mo'ynoqdagi eski maktabda o'qib savodini chiqargan. Keyin Xivadagi Sherg'ozixon madrasasida o'qigan. Ajiniyozning she'riyatga qiziqishi juda ortgan.

Shoir o'zbek, qozoq, turkman tillarini yaxshi bilgan. Shoirning yozgan she'rlari juda mazmunli bo'lib, xalq uchun yaratilgan edi. Asarlarida qoraqalpoq xalqining orzusini kuylagan.

Ajiniyoz qoraqalpoq xalqining vatanparvar shoiridir. Qoraqalpoq xalqi sevimli shoir Ajiniyozning 175 yillik tavallud topgan kunini 1999-yilda nishonladi. Bu kun qoraqalpoq xalqi bilan birgalikda boshqa xalqlarning ma'naviyat, ma'rifat hamda madaniyat bayrami bo'ldi. Shoir tinchlik, ozodlik va insoniylik kuychisidir.

Poytaxtimizda eng katta, go'zal ko'chalaridan biri, zamonaviy maktab hamda pedagogika oliygohi Ajiniyoz nomi bilan ataladi. Maktab hovlisida va pedagogika oliygohi

binosi oldida bobomiz haykallari o'rnatilgan. O'quvchilar umuman hamma nukusliklar bobomiz poyiga gullar qo'yadilar. Biz Ajiniyoz bobomiz orzu qilgan mustaqil va baxtli zamonda yashamoqdamiz.

***36-tapsi'rma.*** Berdaq shayi'r haqqi'nda mazmunli' tekst du'zin'. Ishinen kelbetliklerdi tabi'n'.

***37-tapsi'rma.*** Alg'an bilimlerin'izdi test sorawlari' tiykari'nda si'nap ko'rin'.

*1. Qaraqalpaq tilinde ma'nili so'z shaqaplari' neshew?*

A) 12

V) 13

S) 6

D) 1

E) 9

*2. Tursi'naydi'n' kishipeyilligi Tamarani' wog'ada su'ysindirdi. «Wog'ada» so'zi qaysi' so'z shaqabi'?*

A) kelbetlik

V) atli'q

S) ra'wish

D) yeliklewish

E) ku'sheytiw janapayi'

*3. Ali'stan buwdaq-buwdaq shan' ko'rindi.*

*Buwdaq-buwdaq so'zi qaysi' so'z shaqabi'?*

A) feyil

V) ra'wish

S) yeliklewish

D) atli'q

E) kelbetlik

4. Su'zbe, woraq, qi'rg'i'sh so'zlerinin' tu'biri qaysi' so'z shaqabi'nan jasalg'an?

A) ra'wish

V) almasi'q

S) sanli'q

D) feyil

E) kelbetlik

5. Yen', ju'da', ku'ta' so'zleri qaysi' so'z shaqabi'na jatadi'?

A) almasi'q

V) sanli'q

S) kelbetliktin' jay da'rejesi

D) kelbetliktin' artti'ri'w da'rejesi

E) kelbetliktin' sali'sti'ri'w da'rejesi

## HA'ZIRGI QARAQALPAQ A'DEBIYATI'NI'N' IRI TULG'ALARI'. T.QAYI'PBERGENOV, I.YUSUPOV SHI'G'ARMALARI'N U'YRENIW

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***

1. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'. No'kis, 2004.
2. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya. No'kis, 1981.
3. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' grammatikasi'. So'z jasali'w ha'm morfologiya. No'kis, 1994.
4. I. Yusupovti'n' qosi'qlar toplami'.
5. T. Qayi'pbergenovti'n' tan'lamali' shi'g'armalari'.

***38-tapsi'rma.*** A'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Feyil so'z shaqabi' haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Qanday so'zler feyil so'z shaqabi'na kiredi? Wolardi'n' uli'wma ma'nisi, sorawlari' qanday?
3. Feyil ga'pte qaysi' ag'za boli'p keledi?
4. Feyil so'z jasawshi' qosi'mtalar feyil so'zlerden feyillerdi jasay ma?
5. Feyildin' basqa so'z shaqaplari'nan ayi'rmashi'li'g'i' nede?

***39-shi'ni'g'i'w.*** Yadtan yamasa ko'rkem shi'g'armalardan bayanlawi'shi' wo'tken, ha'zirgi, keler ma'ha'l feyillerinen bolg'an 10 ga'p jazi'n'.

***40-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdin' sinonimlerin tawi'p, ko'shirip jazi'n'.

Quwandi’-..., toqtadi’-..., wori’nladi’-..., qaradi’-..., soqti’-..., ti’ni’qti’-..., xabarladi’-..., qori’qti’-..., u’yrenisti-..., ni’g’aydi’-..., tasti’yi’qladi’-..., ton’di’-..., boldi’-..., albi’ramadi’-..., qi’ynaldi’-...

***41-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen so’zlerge feyil jasawshi’ qosi’mtalar qosi’p, ko’shirip jazi’n’.

Ko’k, qala, gu’l, bu’rtik, uyqi’, besew, kewil, xosh, ko’p, to’rtew, aq, qara, qi’sqa, jas, jag’a, woyi’n, balta, kesek, adam.

*U’lgi:* ko’k-le.

***42-shi’ni’g’i’w.*** Tekstti woqi’n’, mazmuni’n qaraqalpaqsha so’ylep berin’. Ishinen feyillerdi tabi’n’.

## T. QAYIPBERGANOVNING HAYOTI VA IJODI

T.Qayipberganov adabiyotga 50 - yillarning o’rtalaridan boshlab kirib keldi. Institutni bitirgach radio, tahririyatlarda faoliyat ko’rsatadi. U adabiyotga eng avval qishloq mavzusi, maktab turmushi haqidagi asarlari bilan kirib keldi.

Uning «O’qituvchiga rahmat», «Sovuq tomchi», «Uyqusiz tunlar», «Qoraqalpoq qizi» asarlari mashhur bo’ldi. So’nggi yillari yozib tugallangan «Qoraqalpoq dostoni» trilogiyasi tarixiy roman janridagi nodir asar sifatida baholandi.

So’nggi yillarda T. Qayipberganov «U dunyodagi otamga xat», «Qalbimning qomusi» kabi asarlarini yaratdi.

***43-shi’ni’g’i’w.*** Qosi’qti’ woqi’n’. Mazmuni’n so’ylep berin’, ishinen feyillerdi tabi’n’.

## BIRINSHI MUG’ALLIMGE

G’arri’li’q miyzani’ni’n’ qi’rawi’ shalg’an,
Shashi’n’i’zg’a qarap woyg’a talaman.
U’sh tu’p aq so’kittin’ asti’nda qalg’an
Kishkene aq jayg’a kirip baraman.

Jez qon’i’raw tan’g’i’ uyqi’ni’ qashi’ri’p,
Si’yi’p woti’raman yeplep partag’a
Shawqi’m, su’ren ha’p zamatta basi’li’p,
Siz payda bolasi’z ja’ne wortada.

Shaqi’rsan’i’z alti’n bali’q til qati’p,
«T» dan tay shapqi’lap, «G’» dan g’az ushti’
Ha’rip zorli’q penen qag’azg’a jati’p,
Kewilge a’jayi’p bir sa’wle tu’sti.

Al biz wo’zin’ jaqqan wotti’n’ shalasi’,
Janami’z. Wo’zin’iz adam yettin’iz
Ata balasi’ yemes, Watan balasi’
Boli’w a’lipbesin siz u’yrettin’iz.

Birew dana bolar, birew jurt sorar,
Juldi’zg’a jol tartar al birazlari’
Siz ushi’n bayag’i’ balalar wolar,
Bas kiyimin alar aldi’n’da ba’ri.

Biz tayar! Keleshek bizdi shaqi’rdi’,
U’yge tapsi’rmani’ sorap ali’n’ siz
Biz ushi’n siz yele jurttan aqi’lli’
Yele a’platunnan beter ali’msi’z.

*(I.Yusupov)*

***39-tapsi’rma.*** Alg’an bilimlerin’izdi test sorawlari’ tiykari’nda si’nap ko’rin’.

*1. Juwi’ndi’, kiyindi. Feyildin’ qaysi’ da’rejesi?*

A) wo’zlik da’reje

V) sheriklik da’reje

S) wo’zgelik da’reje

D) belgisiz da’reje

E) belgilew da’reje

*2. Woqi’yi’q, ko’mekleseyik. Feyildin’ qaysi’ meyili?*

A) tilek meyil

V) buyri’q meyil

S) sha’rt meyil

D) ani’qli’q meyil

E) ani’qli’q ha’m sha’rt meyil

*3. Ha’reket ma’nisin bildiretug’i’n so’zler… dep ataladi’?*

A) atli’q

V) kelbetlik

S) sanli'q

D) feyil

E) ra'wish

*4. Ha'r qanday feyildin' tu'biri... boladi'.*

A) hal feyil 1-bet, birlik sanda

V) buyri'q meyil, 2-bet, birlik sanda

S) kelbetlik feyil, 2-bet, birlik sanda

D) buyri'q meyil, 1-bet, ko'plik sanda

E) atawi'sh feyil, 3-bet, birlik sanda.

## DENSAWLI'Q-TEREN' BAYLI'Q. JEKE GIGIENA-TAZALI'Q GIREWI

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***

1. Qaraqalpaq folklori'. IV tom. No'kis, 1978.
2. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'. No'kis, 2004.
3. Gazeta, jurnallar.

***40-tapsi'rma.*** A'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Jeke gigiena degende neni tu'sinesiz?
2. Densawli'q, tazali'q haqqi'nda ayti'lg'an qanday naqi'l-maqallardi' bilesiz?
3. Wo'zlerin'izdin' tazali'g'i'n'i'zg'a qalay itibar beresiz?
4. Ra'wish degenimiz ne?
5. Ra'wish ma'nisine qaray neshege bo'linedi?

***44-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Ishinen ra'wishlerdi tabi'n'. Worayli'q Aziyada medicina tarawi'nda ati' belgili qaysi' woyshi'llardi' bilesiz? Pikir bildirin'.

Abu Ali Ibn Sina 980-ji'li' Buxarada Afshana awi'li'nda xi'zmetker shan'arag'i'nda tuwi'lg'an. Wol bes jaslari'nda mektepte bilim alg'an. Mektepti tamamlag'annan son' ustazi' Abu Abdullaxdan ta'lim alg'an. Ibn Sina arab ha'm parsi' tillerinde tu'rli tarawlarda 300 den arti'q shi'g'armalar jazg'an. Wol medicinali'q shi'g'armalari'nda keselliktin' kelip shi'g'i'w sebepleri, diagnostika, yemlew usi'llari', paydali' wo'simlikler ha'm da'rilerdin' wo'zgeshelikleri, dieta saqlaw, insan densawli'g'i' ha'm dene ta'rbiyasi' haqqi'nda jazg'an. Ibn Sinani' Evropada Avicena ati' menen atag'an. Ibn Sina 1037-ji'li' 57 jasi'nda qayti's bolg'an.

Ibn Sina Worayli'q Aziya xali'qlari' ma'deniyati'n du'nya ma'deniyati'ni'n' aldi'n'g'i' qatari'na ali'p shi'qqan ulli' ilimpaz.

***45-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n' ha'm woni'n' tiykarg'i' mazmuni'n qaraqalpaqsha so'ylep berin'. Tekst tiykari'nda temani'n' mazmuni'n ashatug'i'n sorawlar du'zin' ha'm wolarg'a juwap tabi'n'.

**BADANTARBIYA**

Sog'liqni saqlashning asosiy tadbiri badantarbiyadir. O'z vaqtida badantarbiya bilan shug'ullanuvchi odam kasallikdan yiroq bo'ladi. Badantarbiya tanaga yengillik beradi. Chunki ular tanada yengilgina issiqlik paydo qiladi, kunda to'planuvchi chiqindilarni yo'qotadi.

Batantarbiya turlariga qo'l va oyoqlar bilan turli mashqlarni bajarish yoy tortish, tez yurish, nayza otish, ma'lum balandlikdagi turnikka irg'ib osilish, bir oyoqda sakrash, oyoq uchlarida turib, qo'llarni oldinga va orqaga cho'zib harakat qilish kabilar kiradi.

Badantarbiya bilan shug'ullanuvchi, avvalo, o'z gavdasini mashq qilish uchun tayyorlashi lozim. Buning uchun u avval dush qabul qilishi, keyin tanasini qattiq mato bilan ishqalashi kerak. Natijada u tetiklashib, terisining teshiklari kengayadi.

***46-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi naqi'l ha'm hikmetlerdi woqi'n', wolardi'n' ma'nisin ani'qlan'.

1. Saw denede-sap aqi'l.
2. Densawli'q-teren' bayli'q.
3. Baxti'mi'zdi'n' wonnan tog'i'z bo'limi sawli'g'i'mi'zg'a baylani'sli'.

*(A.S.Shopengauer)*

4. Denesin wo'z waqti'nda normasi' menen ta'rbiya qi'lg'an adamg'a da'rt jolamaydi'.

*(Ibn Sina)*

5. Dene shi'ni'qti'ri'w-densawli'qti'n' girewi.

## WO'ZBEKSTANDA SPORT. WO'ZBEKSTAN CHEMPIONLARI'

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***

1. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'. No'kis, 2004.

2. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya. No'kis, 1981.

3. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' grammatikasi'. So'z jasali'w ha'm morfologiya. No'kis, 1994.

4. Gazeta, jurnallar.

***41-tapsi'rma.*** A'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Tilimizdegi so'z shaqaplari' ne ushi'n ma'nili ha'm ko'mekshi so'zler dep bo'linedi?
2. So'zdin' leksikali'q ma'nisi degen ne?
3. Leksikali'q ma'nisi bar so'zler menen leksikali'q ma'nisi joq so'zlerdin' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i' nede?
4. Leksikali'q ma'nige iye yemes so'zlerdin' tildegi xi'zmeti qanday?

***47-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Tirkewish so'zlerdi baylani'si'p turg'an so'zi menen birge asti'n si'zi'n'.

1. Da'rwazadan kirgennen keyin bag'di'n' wortasi' menen to'rge qaray sozi'lg'an alleya. 2. Ishine jel kirmes ushi'n kiygizilgen qabi'qti'n' yeki ushi'n jin'ishke jip penen baylaysan'. 3. Sonnan keyin tuti'p ketedi. G'arri' biraz waqi'tqa deyin woylani'p woti'rdi'. 4. Azannan keshke deyin ti'nbay jumi's islesen' de, bir ji'lli' so'z joq. Rozi'mbet ag'ani'n' qasi'nda u'sh ji'lg'a shekem boldi'. 5. Duri'si'nda «Axunbabaev» kolxozi'ni'n' bag'i' bir-yeki ji'ldan keyin yelimizdin' maqtani'shi' bolatug'i'ni'na so'z joq. 6. Sadulla tez-tez adi'mlap ati'zg'a qarap ju'rdi. 7. Qa'ha'ri kelip ko'p waqi'tqa shekem gijinip turdi' da, shelme-shel ju'rip, ati'zlardi' aylani'p shi'qti'.

***48-shi'ni'g'i'w.*** Ko'p noqatti'n' worni'na tiyisli tirkewish so'zlerdi qoyi'p, ko'shirip jazi'n'. Tirkewishlerdin' qaysi' so'zdi qaysi' so'zge baylani'sti'ri'p turg'ani'n ayti'p berin'.

1. Mug'allim dosli'q ha'm joldasli'q... gu'rrin' wo'tkerdi. 2. A'jag'am tu'sten... woqi'wg'a baradi'. 3. Ba'ha'rge... jawi'n-shashi'n ko'p boladi'. 4. Xalqi'mi'zdi'n' ruxi'y talabi' ku'n... artpaqta. 5. Yer jigit yeli... xi'zmet yetedi. 6. Bul asfalt jol bizin' awi'lg'a... baradi'. 7. Jari's yeki saattan... dawam yetip ati'r.

*Kerekli so'zler:* keyin, haqqi'nda, beri, sayi'n, qaray, deyin, ushi'n.

***49-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi tirkewish so'zlerdi ga'p ishinde keltirip jazi'n'. Wolardi'n' qaysi' so'zlerdi baylani'sti'ri'p turg'ani'n ha'm qalay jazi'latug'i'ni'n ayti'p berin'.

Son', sayi'n, qaray, ushi'n, buri'n, tuwrali', deyin.

***50-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Tirkewish so'zlerdi ayti'p berin'.

Iri yelatli' wori'nlarda xali'qti' may menen ta'miyinlep turi'w ushi'n juwazlar islep turg'an. Qi'zi'qqan adam tuqi'mnan may tayarlawdi' wo'z qoli' menen islewge de boladi'.

Tuqi'm maylari' jen'il awqat tayarlaw ushi'n wog'ada kerekli. Bul ushi'n qawi'n-g'arbi'z, gu'nji, shimishke tuqi'mlari'nan paydalani'wg'a boladi'. Wol ushi'n bir neshe kilogramm keptirilgen tuqi'm qazang'a sali'p quwi'ri'ladi'. Wonnan son' kelige sali'p tu'yiledi. Tuqi'mni'n' qabi'qlari' a'bden yezilip, ung'a aylani'p ketkenge shekem ilaji' bolsa mayi' shi'qqang'a shekem tu'yilgeni duri's. Yeger de tuqi'm shala tu'yilse, qabi'qlari' yelek penen yelep ali'nadi'. Qazang'a suw quyi'p, woni'n' asti'na wot jag'i'lg'annan son' tuqi'm suwg'a sali'nadi'. Wonnan keyin qaynati'ladi' ha'm bi'lg'ap turi'ladi'. Suw qaynag'annan keyin suwdi'n' u'stine mayi' ji'lti'rap qalqi'p shi'g'a baslaydi'. Maydi'n' qurami'ndag'i' suw parg'a aylani'p, tek qazanda maydi'n' wo'zi qaladi'. A'lbette, buni' maydi'n' qurami'ndag'i' suwdi'n' sestinin' shi'g'i'wi'na qaray belgileydi.

## KELESHEK JASLAR QOLI'NDA.
## INFORMACIYALI'Q TEXNOLOGIYALAR, INTERNET HA'M JASLAR

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***


1. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'. No'kis, 2004.

2. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya. No'kis, 1981.

3. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' grammatikasi'. So'z jasali'w ha'm morfologiya. No'kis, 1994.

4. Gazeta, jurnallar.


***42-tapsi'rma.*** A'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Ko'mekshi so'zler degen ne?

2. Ko'mekshi so'zler qanday tu'rlerge bo'linedi?

3. Tirkewish, da'neker, janapaydi'n' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i'.

4. Qaraqalpaq tilindegi ko'mekshi so'zlerdin' wo'zbek tilindegi ko'mekshi so'zlerden ayi'rmashi'li'g'i' bar ma?

5. Wolardi'n' ayi'rmashi'li'q belgilerin ko'rsetin'.

***51-shi'ni'g'i'w.*** Da, de, yamasa, yag'ni'y, ha'tte, biraq, sebebi, sonli'qtan, soni'n' ushi'n da'nekerlerin ga'p ishinde keltirip 8 ga'p qurap jazi'n'.

***52-shi'ni'g'i'w.*** Ko'p noqatti'n' wor'ni'na ha'm, da, de, biraq, tag'i', yamasa, da'nekerlerinin' tiyislisin qoyi'p jazi'n'.

1. Qalani'n' du'ziw tarti'lg'an ko'sheleri… trotuarlari' qali'n' terekler menen bu'rkelgen. 2. Tag'i' yesikti u'sti-u'stine qaqti'. 3. Siz Murat, Aysa'nem kelgende usi'nday daw yetken yedin'iz. 4. Aymereke buri'n Elmuratti' hu'rmetler yedi, Elmuratti'n' son'g'i' islegen isine i'rza bolmadi'. 5. Wol Ra'wshanni'n'… Muratti'n'… kewlin qaldi'rdi'. 6. Solardan qashaman dep … bir shetke shi'g'i'p ketti dedi. 7. Azatti'n' mektepti tamamlag'annan son'g'i' woylari' tup-tuwri' Leningradqa bari'p, Ekonomika instituti'na kiriw… alag'adani' qoyi'p, kolxozda islew.

## XXI A'SIR ILIMI.
## ALI'M BOLSAN' A'LEM SENIKI

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***

1. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'. No'kis, 2004.

2. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya. No'kis, 1981.

3. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' grammatikasi'. So'z jasali'w ha'm morfologiya. No'kis, 1994.

4. Gazeta, jurnallar.

5. Ilim ha'm ja'miyet jurnali'.

***43-tapsi'rma.*** A'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Ha'rta'rep so'zler degenimiz ne?
2. Ha'rta'rep so'zlerdin' ma'nili so'z shaqaplari'nan ayi'rmashi'li'g'i'.
3. Ha'rta'rep so'zlerdin' ko'mekshi so'zlerden ayi'rmashi'li'g'i'.
4. Ha'rta'rep so'zlerdin' tildegi xi'zmeti.

***44-tapsi'rma.*** Naqi'l-maqallardi'n' ma'nisin tu'sindirin'.

1. Ali'm bolsan', a'lem seniki.

2. Bilmegenin'di bilgennen sora.

3. Birdi kessen', wondi' yek.

4. Biypayda so'zdi aytpa, paydali' so'zdi yesitiwden qaytpa.

5. A'wel woyla, keyin so'yle.

6. Jaqsi'ni' ko'rip pikir yet, jamandi' ko'rip shu'kir yet.

***53-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi so'zler ja'rdeminde oqi'ti'wshi'n'i'zdi'n' xarakterin su'wretlewshi ga'p du'zin'.

Talapshan', belgili, ashi'q kewilli, ti'ni'msi'z, izleniwshi, shaqqan, ta'shwishlerden ari'maytug'i'n, sho'lkemlestiriwshi.

***45-tapsi'rma.*** «Bilesiz be?» temasi'nda sa'wbet wo'tkerin'. Usi' temada to'mendegishe dialoglar du'zin' ha'm jazi'n'.

- Al Xorazmiy qanday ilimiy jan'ali'q ashqan?
- Wol algebra pa'nine tiykar salg'an.

***54-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi sorawlar tiykari'nda «Ziyrekler» jari'si'n sho'lkemlestirin'. Duri's juwaplardi' jazi'p ali'n'.

- Wo'zbekstanni'n' qazi'lma bayli'qlari'n du'nyag'a tani'tqan belgili geolog kim?
- Du'nyadag'i' yen' shor ten'iz qaysi'?
- Amerikani'n' yen' arqadag'i' shtati'n bilesiz be?
- Wo'zbekstanda yen' ku'shli jer silkiniw qashan bolg'an?

***46-tapsi'rma.*** Til ilimine baylani'sli' atamalar boyi'nsha so'z woyi'ni'n sho'lkemlestirin' ha'm bas qati'rma du'zin'. Ulli' allamalardan birinin' du'nya ilimine qosqan u'lesi haqqi'nda tekst du'zin'.

***55-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti qaraqalpaqshag'a awdari'n'.

**USTOZ O'RGATIB CHARCHAMAS**

Ustozlik va shogirdlik munosabatlari bu odamzotning eng oliy fazilatlaridan biridir. Bu haqda Xakim shunday deydi: «Ustoz otangdan ulug'». Inson tug'iladi, tarbiyalanadi, savod chiqaradi, hunar o'rganadi, kasb egallaydi, ilm yo'liga tushadi. Buning hammasini o'rgatuvchi ustozdir.

Ustozing dastlab maktabda senga ilk bor qo'lingga qalam tutqazgan mualliming. Boshqa sinflarda o'qitgan muallimlar ham o'quvchilarning ustozlari sanaladilar.

Ustoz izlanuvchan, fikr doirasi keng, qanday yumush bo'lsa ham bajara olish xususiyatiga ega bo'lishi kerak. Bunday deyishimizning bosh sababi, avvallari ustozlar bir kasbni o'rgatib, keyin fotihasini berib yuboraverar edi. Hozirgi texnika va texnologiya rivojlangan davrda shogirdlariga har tomonlama etuk qilib tarbiya bergan, oz bo'lsa ham biror narsani qunt bilan o'rgatgan odamni ustoz deb ataymiz. Shogirdi ham shunga munosib bo'lishi kerak. Ustoz shogirdning qobiliyatini ko'rib, u bilan quvanadi, faxrlanadi.

Shogird ustozini juda hurmat qilishi kerak. Aql bergan, bilim bergan, deb hisoblashi lozim.

## TA'BIYATTI' QORG'AW-WATANDI' QORG'AW.
## WO'ZBEKSTANNI'N' EKOLOGIYALI'Q MASHQALALARI'.
## ADAMNI'N' TA'BIYATTAG'I' WORNI'

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***

1. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'. No'kis, 2004.

2. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya. No'kis, 1981.

3. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' grammatikasi'. So'z jasali'w ha'm morfologiya. No'kis, 1994.

4. Gazeta, jurnallar.

***47-tapsi'rma.*** A'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Yeliklewish so'zler degen ne?
2. Tan'laq so'zler degen ne?
3. Wolardi'n' ma'nili ha'm ko'mekshi so'zlerden ayi'rmashi'li'g'i'?
4. Yeliklewish so'zler qanday tu'rlerge bo'linedi?

***56-shi'ni'g'i'w.*** Tan'laq so'zlerdin' asti'n si'zi'n' ha'm ma'nilik tu'rlerine qaray bo'lek-bo'lek jazi'n'.

- Haw, sorli'-aw, qasi'mda qonag'i'm bar desen' boladi' g'oy, meni baqi'rta bergenshe,- dep ati'r.

- Shi'ni'gu'l ha Shi'ni'gu'l! – dep dawi'sladi'.

- Ha, bali'q tayar ma yedi? – dedi Da'wirxan ag'a.
- Haw, bag'ana ayti'p ketip yedim g'oy.
- Ne deydi mi'naw-a'y?
- He, wo'zlerin' aytqan yekensiz g'oy.

***57-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti qaraqalpaqshag'a awdari'n'. Ishinen so'z shaqaplari'n tabi'n'.

**SUV**

Suv! Uni hayot manbasi deb bejiz aytmaydilar. Suvning turi ko'p bo'lib, ular ichida eng qadirlisi ichimlik suvi hisoblanadi. Suvsiz na tabiat yashnaydi, na biror jonzot yashay oladi. Shuning uchun odamlar qadimdan suvni juda qadrlaganlar va uni ifloslantirmaslik chora-tadbirlarini ko'rganlar.

Tabiatning bebaho ne'mati bo'lgan suvni doimo toza saqlash, suv manbalarini muhofaza qilish, undan tejab-tergab foydalanish har kishining muqaddas burchi bo'lishi kerak. Ma'lumki, Toshkentda bog'lar, xiyobonlar va kanallar ko'p. Shahrimiz ichidan oqib o'tadigan Anhor, Qorasuv, Kaykovus, Chorsu, Qoraqamish kabi suv havzalari go'zal shahrimizga fayz bag'ishlab turibdi. Hozirda shaharning hamma ehtiyojlari uchun bir daqiqasiga 28 kub metrdan ko'p suv sarflanmoqda.

Toshkentning barcha suv havzalarini toza saqlashda, suvni ifloslantirmaslik va undan tejab-tergab foydalanishda har birimiz omilkor bo'lishimiz kerak. Ana shunda shahrimizning kumush kamarlari - kanal va anhorlari doim musaffo bo'ladi.

***58-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti qaraqalpaqshag'a awdari'n'.

**TABIAT VA BIZ**

Inson tabiatning bir bo'lagi. U tabiatga bog'liqdir. Shuning uchun unga hurmat ko'rsatish, mehribonlik qilish har bir insonning burchidir. Tabiatda har bir narsaning o'z o'rni bor. Hayvonot va o'simliklar dunyosi tabiatning mutanosibligini saqlab turadi. Tabiatdagi daryo, dengiz, ko'llar, tog'lar, to'qaylar mana shuning uchun ham juda zarurdir. Tabiatga mehribonlik qilish har bir odamning vazifasi. Bu tuyg'u oilada, maktabda tarbiyalanadi. Muallim bolalarni maktab atrofidagi yer uchastkasida ishlashga, hayvonlarga qarashga, ota-ona esa o'z xonadonidagi tomorqasiga qarashga o'rgatishi kerak.

O'quvchilarning hayvonot bog'ida dars o'tishi hayvonlarning xususiyatlarini yaxshi bilishga, o'simliklar dunyosi bilan tanishishga imkon beradi.

Tabiatda ortiqcha narsaning o'zi yo'q. Har bir hayvonot, hech bir qush, o'simlik ortiqcha emas. Biz bularga qiron keltirib har xil kasalliklarning ko'payishiga sababchi bo'ldik. Tabiat odamni asraydi, boqadi, ko'nglini ko'taradi, charchog'ini yozadi. Chunki u ona tabiatdir. Odamning unib-o'sishi uchun ovqat, suv, quyosh, havo kerak. Uni inson shu tabiatdan oladi.Odam onadan tug'ilib tabiatda o'sib - ulg'ayadi. Shuning uchun uni ona tabiat deymiz.

***48-tapsi'rma.*** Wo'z qalan'i'z (rayoni'n'i'z) dag'i' suw saqlag'i'shlar ha'm wolardan qalay paydalani'p ati'rg'ani' haqqi'nda kishkene tekst du'zin'.

***59-shi'ni'g'i'w.*** Hikmetlerdin' ma'nisin tu'sindirin'.

1. Nandi' qi'lmasan' wobal,
   Hasla ko'rmeysen' zawal.
2. Qabartpa hesh waqi't anani'n' kewlin,
   Su'yenishi bol, bu'kpe belin.
3. Aytar so'zdi ayt, aytpas so'zden qayt.
4. Wo'mirde ha'r kimnin' wo'z nesibesi bar,
   Woni' hesh kim tarti'p ala almaydi',
   Yeger alsa da, wol buyi'rmaydi'.

***60-shi'ni'g'i'w.*** Qosi'qi' woqi'n'. Ta'biyat haqqi'nda so'ylep berin'.

**ANA TA'BIYAT**

Du'nyada ne bolsa ku'shli karamat,
Barli'g'i'n do'retken sheber adamzat.
Seni bezep, kosmosti' da biylegen,
Men, insan xi'zmetinin', ana-ta'biyat.

Adam woyi' ja'ha'nnen de ken' yeken,
Aspan, hawa tirishilik demi yeken.
Turmi's ushi'n ba'rin qolaylasti'ri'p,
Sheber ana, sen ta'biyat, sen yeken.

Ay ', ana ta'biyat ko'zin' ku'n yeken,

Samal yesti sennen shi’qqan ku’n yeken,
Ashi’wlansan’ qarsa u’yilgen qabag’i’n’,
Qap-qaran’g’i’ bult jami’lg’an tu’n yeken.

Sen ana-ta’biyat jaratsan’ ku’ndi,
Xali’q berdi du’nyag’a ulli’ insandi’.
Insan ju’reginin’ ji’lli’li’g’i’nan,
Jaynata beresen’, ba’rha’ wo’mirdi.

*(X.Saparov)*

***61-shi’ni’g’i’w.*** Teksttin’ mazmuni’n so’ylep berin’.

Suw-bul wo’mir. Suwsi’z tirishilik boli’wi’ mu’mkin yemes. Suw bolmasa du’nyada tirishilik bolmaydi’.

Suw haqqi’nda so’z bolg’anda Qaraqalpaqstanni’n’ suli’w ta’biyati’ ko’z aldi’ma yelesleydi. Suw mol bolsa awi’l ta’biyati’ ju’da’ suli’wlani’p ketedi. Awi’ldag’i’ ha’wli-ha’remler, bag’lar ko’z aldi’ma keledi. A’sirese, i’rg’ali’sqan biydaylar, shag’i’rlasi’p ashi’li’p turatug’i’n appaq paxtalar. Bulardi’n’ ba’ri suwdi’n’ molshi’li’g’i’nda.

Demek, suw-bar wo’mir, tirishilik bar. Aral ten’izinde suwdi’n’ quri’p barati’rg’ani’ xali’q ushi’n u’lken apatshi’li’q. Bul ha’mmemizdin’ basli’ ma’selemiz boli’p qalmaqta.

Yelde suw bolmasa xali’qti’n’ turmi’s jag’dayi’ ushi’n u’lken apatshi’li’q. A’sirese, xali’qti’n’ densawli’g’i’na jaman ta’sirin tiygizedi. Sebebi, suwdi’n’ kemisligi Qaraqalpaqstandi’ ekologiyali’q apatshi’li’q worayi’na aylandi’ri’p ati’r.

Suw haqqi’nda, ta’biyat haqqi’nda so’z bolg’anda ha’r bir adam wo’zinen-wo’zi sarsi’la baslaydi’. Usi’ jerde bir jazi’wshi’ni’n’: «Aral boyi’nda jasawshi’ xali’qlar wo’zlerinin’ yen’ suli’w terekleri, i’rg’ali’sqan bag’lari’ ha’m jegende tilin’di u’yiretug’i’n shiyrin pali’zlari’ menen qosi’li’p qi’zi’l kitapqa jazi’li’w aldi’nda jasap ati’r» degen so’zleri yesin’e tu’sedi.

Haqi’yqati’nda da, suw-bul wo’mir, suw-bul suli’w ta’biyat, suw-bul bag’li’ ha’remler, suw-bul biyday, suw-bul paxta, suw-bul nan, suw-bul densawli’q. Suw bolmasa tirishilikte bolmas yeken. Ha’zirgi jetkerilip turg’an bar suwdi’ u’nemlep jumsap biliwimiz kerek.

***49-tapsi'rma.*** Alg'an bilimlerin'izdi test sorawlari' tiykari'nda si'nap ko'rin'.

*1. Yapi'rmay, usi'nday da tarti'nshaq bola ma eken? «Yapi'rmay» so'zi qaysi' so'z shaqabi'?*

A) da'neker

V) kelbetlik

S) ra'wish

D) tan'laq

E) yeliklewish so'z

*2. Ko'zinen mo'lt-mo'lt jas aqti'. «Mo'lt-mo'lt» so'zi qaysi' so'z shaqabi'?*

A) ra'wish

V) tan'laq so'z

S) kelbetlik

D) da'neker

E) yeliklewish so'z

*3. Qorani'n' arasi 'ti'si'r yete qaldi'. «Ti'si'r» so'zi qaysi' so'z shaqabi'?*

A) ra'wish

V) atli'q

S) da'neker

D) tan'laq

E) yeliklewish so'z

*4. Ha'wkem-ha'wkem, hay-hay so'zleri qaysi' so'z shaqabi'?*

A) ra'wish

V) kelbetlik

S) da'neker

D) yeliklewish

E) tan'laq

## QARAQALPAQSTANNI'N' HAYWANAT HA'M WO'SIMLIK DU'NYASI'

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***

1. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'. No'kis, 2004.

2. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Sintaksis. No'kis, 1986.

3. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Sintaksis. No'kis, 1996.

4. Gazeta, jurnallar.

***50-tapsi'rma.*** Berilgen a'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. So'z degen ne?

2. So'z dizbegi degen ne?

3. Ga'p degenimiz ne?

4. So'z shaqaplari' degen ne? Ga'p ag'zalari' degen ne? Wolardi'n' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i'n tu'sindirin'.

5. Ga'ptin' bas ag'zalari'na qaysi' ag'zalar jatadi'. Wolar ne ushi'n ga'ptin' bas ag'zalari' dep ataladi'?

6. Bas ag'zalardi'n' yekinshi da'rejeli ag'zalardan ayi'rmashi'li'g'i'n tu'sindirin'.

***62-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n', mazmuni'n so'ylep berin'. Ga'ptin' bas ag'zalari'n tabi'n', wolardi'n' qaysi' so'z shaqabi'nan bolg'anli'g'i'n ayti'p wo'tin'.

A'bu Rayxan Beruniy si'rtqi' ha'm ishki go'zzalli'q haqqi'nda bi'lay degen yeken:

...Si'rtqi' go'zzalli'q, kelbettegi jamal, bular yekewi de jag'i'mli' boli'wi' kerek, adamlar wo'z-ara ushi'rasqanda usi' go'zzal jamaldi' ko'riwge qumar boladi'... Lekin si'rtqi' shi'ray ana qarni'nda bina boladi', woni' wo'zgertiw hesh kimnin' qoli'nan kelmeydi.

Al, minez-quli'qqa kelsek woni' insanni'n' a'dep-ikramli'li'q kitaplari'nda ayti'lg'an usi'llar tiykari'nda dawalap, ta'rbiyalap, go'zzal tutsaq, jaman awhalg'a tu'sirmewimiz mu'mkin.

Bul jo'ninde Kaykabus bi'lay deydi.

- Jalqawli'q, - deneni isten shi'g'ari'w degen so'z...

Ma'jbu'rlew menen wo'z denen'di wo'zin'e moyi'nsi'natug'i'n yet ha'm woni' maqsetke muwapi'q aytqani'n'a ko'netug'i'n qi'li'p u'yret.

Muhammed Zahiriy Samarqandiy bi'lay deydi:

- Yeger biyg'amli'q ha'm arqayi'nli'q ko'rsetilse qolayli' pursat qoldan ketip qaladi', waqti' wo'tkennen son' wo'kiniw-biyma'nilik ha'm biypayda.

Ulli' qazaq shayi'ri' Abay jalqawli'q tuwrali' bi'lay deydi: Erinsheklik du'nyadag'i' ha'mme na'rsenin' dushpani'. Kisige mu'ta'jlik, g'ayratsi'zli'q, jigersizlik, ka'mbag'alli'q si'yaqli' na'rselerdin' barli'g'i' yerinsheklikten kelip shi'g'adi'.

***63-shi'ni'g'i'w.*** Bul tekstte neshe ga'p bar? Bas ag'zalardi' ayti'p wo'tin'.

Gu'z. Qon'i'r salqi'n. Tum-tus shoqalaq-shoqalaq qum. Qi's ma'wsimi. A'miwda'rya yele buri'ng'i'si'nsha toli'p-tasi'p burqi'p ag'i'p tur. Ba'ha'r tan'i'. Ku'n shug'lasi' Qi'zi'lqum menen Qaraqumni'n' arasi'na nur taratti'. Uytqi'g'an dawi'l. Gu'wildegen ko'k ten'iz. Qi's. Ku'n qaqaman suwi'q. Jerde izlik qi'rpi'q qar bar. Tog'ay. Tog'ayda ti'ni'shli'q. Toran'g'i'ldi'n' dushpani' taq-tuq yetken aybaltalardi'n' taqi'ldi'si' yesitilmeydi. Aqda'rya. Aqda'ryashi'larmi'z. Aqda'ryag'a baraman. I'sqi'rg'an qi's. Si'qi'rlap qar da jawar. Muz u'stine qi'zi'l suw shi'g'i'p, bali'qshi'lardi' abi'rji'tar. Tu'n. Tastay qaran'g'i'. Uri's!... A'psherin' a'beshiy! Ne degen ati' shuwli' ji'yi'nsan'? Sag'i'yrani'n' ju'regine ha'siret salasan'! Ayrali'q! Ayrali'qti'n' ati' jaman boladi' yeken.

Ayrali'q sawdasi' sur ji'landay to'rt ta'repten i'sqi'radi'. Ku'ndiz ti'ni'shli'q, tu'nde uyqi' bermeydi. Ba'ha'r! Ji'ldi'n' bul ma'wsimi gu'lla'n na'zikliktin', jasli'qti'n' basi', quwani'shti'n' sag'asi'.

***64-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti qaraqalpaqshag'a awdari'n'. Ga'ptin' bas ag'zalari'n tabi'n'. Qaysi' so'z shaqabi'nan bolg'ani'n ayti'n'.

## ONA TABIATNI ASRASH

Inson tabiatning ajralmas qismi. Qadim zamonlarda ham odamlar yashash uchun zarur bo'lgan hamma narsalarni ovqat, suv, turar joy, kiyim-kechaklarni tabiatdan olishgan. Ular tuproqqa ishlov berib, o'simlik yetishtirishni o'rganishgan. Yovvoyi hayvonlarni qo'lga o'rgatishgan. Yer tagidan foydali qazilmalarni qidirib topishgan. Jamiyat rivojlanib borgan sari odamda tabiat boyliklaridan tobora ko'proq foydalanish ehtiyoji paydo bo'la bordi. Qishloq xo'jaligi ekinlari yetishtirish, binolar qurish uchun yangi yerlardan ko'proq foydalanildi. Natijada o'rmonlar kesilib o'tloqlar qisqardi. Qurg'oqchilik rayonlarida yangi yerlarni o'zlashtirish uchun tobora ko'proq suv ishlatildi.

Odamlar tabiat boyliklari aslo tugamaydi, uning xazinasidan nimani va qancha istasang olaverishing mumkin, deb uzoq vaqtgacha xayol qilib keldilar. Lekin bu katta xato edi. Odamlar buni keyin tushunib qoldilar. Sayyoramiz tabiatidan o'ylamay - netmay foydalanish uni falokatga olib kelmoqda, talaygina hayvonlar yo'qolib bormoqda, toza va musaffo havo ifloslanib bormoqda.

***51-tapsi'rma***. Tekstti qaraqalpaqshag'a awdari'n' ha'm mazmuni'n so'ylep berin'.

**O'SIMLIKLARNI HIMOYA QILISH UMUMXALQ VAZIFA**

O'simliklar hayot manbasi. Tirik organizm hayotini o'simliklar dunyosisiz ko'z oldimizga keltirib bo'lmaydi.

Haqiqatdan ham Hadisda aytib o'tilganidek o'simliklar sababli «Dunyo yam-yashil va go'zal». Odamlar o'simliklarda paydo bo'lgan organik moddalar bilan oziqlanadi. Yashil o'simliklar yaprog'i bilan har xil changlarni tutib olib, odam organizmiga katta paydo beradi. Shuning uchun ham o'simliklarni «Salomatlik himoyachilari» deb atashadi.

O'simliklar odam uchun havo, oziq - ovqat, kiyim-kechak, dori-darman, qurilish materiallari, uy-ro'zg'or buyumlari, rang beruvchi bo'yoqlar, efir moylari, chigit, shuningdek, xalq xo'jaligining turli sohalari uchun xom ashyo mahsuloti bo'lib hisoblanadi. Shuning uchun ham ularni ko'z qorachig'idek avaylab - asraylik. Hozirgi vaqtda ko'pchilik odamlar tabiatdan ayovsiz foydalanib, uning tabiiy ko'rinishini butunlay o'zgartirib asrlar davomida shakllangan muvozanatni buzib yubormoqda. Tabiat, ayniqsa, uning o'simlik turlari himoya qilinmasa, bebaho boyliklardan ayrim o'simlik turlaridan butunlay ayrilib qolishimiz mumkin.

***65-shi'ni'g'i'w.*** Teksttin' mazmuni'n so'ylep berin'.

**QARAQALPAQSTANNI'N' HAYWANAT HA'M WO'SIMLIKLER DU'NYASI'**

Respublikami'zda wo'simliklerdin' jaylasi'wi' ha'm rawajlani'wi' woni'n' uli'wma ta'biyiy sha'rayati'na, ayri'qsha topi'raq qatlami'ni'n' na'mleniwi ha'm topi'raqti'n' shorlani'w da'rejesi menen baylani'sli'. Wolar wo'zlerinin' ta'biyiy jasaw ta'rizine qarap, bir-birinen pari'q qi'ladi'. A'miwda'rya deltasi'nda, a'sirese qi'rg'aqlari'nda, ten'iz, ko'l, batpaqli'q ha'm suwg'ari'w shaqaplari'na jaqi'n jerlerde i'zg'arli'qti' su'yiwshi wo'simlikler ha'm tog'ayli'qti' ushi'ratami'z. Wolardi'n' ishinde qami's, qaraji'lan, jeken, kendir ha'm basqalar ko'birek wo'sedi. Bul rayonni'n' qurg'aq maydanlari'nda toran'g'i'l, ji'n'g'i'llar ken' tarqalg'an. Onda akaciya, tal, qami's, jigildik, ha'r qi'yli' putalar aralasi'p wo'sedi. Ha'zirgi ku'ni tiykarg'i' tog'aylar Shabbaz, Baday, Nuri'm tu'bek, Nazarxan, Shortanbaylar saqlani'p qalg'an. Sonday-aq, deltada ha'm Qi'zi'lqumda ayi'ri'm maydanshalarda qali'n' ji'n'g'i'l ha'm seksewiller ushi'raydi'. Jabayi' wo'simliklerden aqbas, jantaq, woshag'an,

shen'gel, boyan, palati', suwshigin, biydayi'q, kekre, tekesaqal, a'diraspan, iyt ju'zim, kebir jaylarda qarabaraq, qarami'q ha'm sorani'n' bir neshe tu'rleri wo'sedi.

Awi'l xojali'g'i' dalalari'nda paxta, sali', ju'weri, tari', arpa, suli', biyday, bede, zi'g'i'r, ma'sh, lobiya, ma'kke, yegiledi. U'ylerdin' a'tirapi'nda miyweli terekler ha'm gu'llerdin' bir neshe tu'rleri wo'siriledi.

Qaraqalpaqstan Qi'zi'lqumi' si'rtqi' ko'rinisinen wo'simliklerge ju'da' ka'mbag'alday ko'rinedi. Tiykari'nda wonda wo'simlikler ju'da' ko'p. Bul maydan 5 mln. gektarg'a jaqi'n boli'p, bunda 830 tu'rli jabayi' wo'simlikler wo'sedi.

Qaraqalpaqstan da'ri-da'rmaq wo'simliklerge ju'da' bay. Respublikami'zda 300 den arti'q da'ri ali'natug'i'n wo'simlikler yesapqa ali'ng'an. Bul wo'simlikler xali'q medicinasi'nda Abu Ali Ibn Sina ta'repinen paydalani'lg'an, ha'zirgi ku'nde de paydalanbaqta.

Respublikami'z haywanat du'nyasi'ni'n' bayli'g'i' ha'm woni'n' tu'rlerinin' ko'pligi menen ayri'qsha wori'ndi' iyeleydi. Qaraqalpaqstan aymag'i'nda haywanatlardi'n' 400 ge jaqi'n tu'ri, quslardi'n' 280 ge jaqi'n tu'ri jasaydi'. Wolar ma'mleketimizdegi uyada jasaytug'i'n quslardi'n' 25 payi'zi'n quraydi'. A'miwda'rya deltasi'nda su't yemiziwshilerden' 56 tu'ri, su'yrelip ju'riwshilerdin' 30 g'a jaqi'n, suwda jasawshi' bali'qlardi'n' 25 tu'ri, jer-suw haywanlari'ni'n' 2 tu'ri jasaydi'. Usi' rayonda quslardi'n' 200 tu'ri jasaydi'. Basqa haywanlardan qoyan, kiyik, andatra, tu'lki, qasqi'r, jabayi' shoshqa, porsi'q ha'm tu'rli ji'lanlar, quslardan: u'yrek, g'az, qutan, birqazan, shag'ala, digildik, bo'dene, g'az ha'm jabayi' quslar, suwlarda: su'wen, sazan, i'laqa, bekire, aq amur, ji'lan bali'q, lesh ha'm basqa bali'q tu'rleri jasaydi' ha'm awlanadi'.

Qi'zi'lqumda ju'da' ko'p haywanlar jasaydi'. Wolardan yeshkiemer, kesirtke, tasbaqa, gu'mgu'mnin', ji'lanlardi'n' bir qansha tu'rleri jasaydi'.

Haywanat ha'm wo'simliklerdin' ayi'ri'mlari' joq boli'p ketken. Wolar «Qi'zi'l kitap»qa kirgizilgen.

## TARIYX HA'M MA'DENIYAT. YESKI MA'DENIYAT WORAYLARI'

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***

1. Juraev N., Fayzullaev T., Usmonov Q. O'zbekiston tarixi.  Toshkent, 1998.

2. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G.  Qaraqalpaq  tilinin' a'meliyati'.  No'kis, 2004.

3. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Sintaksis.  No'kis, 1986.

4. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Sintaksis.  No'kis, 1996.

***52-tapsi'rma.*** Berilgen a'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari' dep qaysi' ag'zalar ayti'ladi'?
   Atlari'n atan'. Wolar ne ushi'n yekinshi da'rejeli ag'zalar dep ataladi'?
2. Ani'qlawi'sh ag'za degen ne?
3. Toli'qlawi'sh ag'za degen ne?
4. Bul ag'zalar ga'pte qanday xi'zmet atqaradi'. Wo'zbek tili menen  sali'sti'ri'n'.
5. Qaysi' so'z shaqabi' ko'binese ga'pte ani'qlawi'sh, toli'qlawi'sh ag'za boladi'?

***66-shi'ni'g'i'w.*** Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'ni'n' ha'r birine yadtan yamasa ko'rkem shi'g'armalardan 20 ga'p tawi'p jazi'n'.

***67-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti wo'zbek tiline awdari'n'. Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'n tabi'n'.

### YESKI MA'DENIYAT WORAYLARI'

Du'nya ju'zi yellerinde yen' yeski ma'deniyat woraylari' Mi'si'r, Hindstan ha'm Qi'tayda bolg'an. Nil da'ryasi'ni'n' to'mengi alabi' ta'biyiy-geografiyali'q sharayatlari'ni'n' qolayli'li'g'i'na baylani'sli' adamzat ja'miyetinin' yen' yeski ma'deniyat woraylari'ni'n' biri bolg'an. B.e.sh. 2800-2250-ji'llarda bul yelde da'slepki patshali'qlar payda bolg'an.  Patsha qudaydi'n' adami' dep sanali'p, wog'an wo'lmesinen buri'n u'lken maxbara sali'ng'an. Maxbara piramida tu'rinde boli'p u'lken taslardan wo'riledi.

Giza' dalan'li'qta quri'lg'an u'sh piramidadan ibarat tastan wo'rilgen maxbara. Wolardi'n' yen' biyigi Xufu 146,6 m ti'rnag'i'ni'n' ha'r bir ta'repi 233 m bolg'an. Bul maxbaralar  b.e. sh. XIV-XVIII a'sirlerde sali'ng'an.

A'yyemgi Hindstan ma'deniyati' bizin' erami'zg'a shekemgi 2-3 mi'n' ji'lli'qlarda qa'liplese baslag'an. Woni'n' u'lgileri Hind da'ryasi'ni'n' boyi'ndag'i' Moxendj-Dara,

Xarappa degen a'yyemgi qalalardan tabi'lg'an. Ruxi'y ma'deniy yesteliklerinen «Maxabxarata» ha'm «Ramayana» da'stanlari' pu'tkil a'lemge belgili.

B.e.sh. XIV-XIII a'sirlerde Xuanxe da'ryasi'ni'n' worta alabi'nda birinshi ma'mleket payda bolg'an. Wol Ish dep atali'p, wonda ay kalendari' du'zilgen, jazi'w payda bolg'an.

B.e.sh. 221-207-ji'llari' Qi'tayda woraylasqan Cin imperiyasi' du'zilgen. Imperator Cin Shi Xuan bati's yeller menen sawda yetiw ushi'n Ulli' Jipek joli'n ashqan. Ulli' Qi'tay diywali'n sala baslag'an. Da'slepki uzi'nli'g'i' 750 km, son'i'nda 3000 km, wortasha biyikligi 5-10m, wortasha ken'ligi 5-8m.

***53-tapsi'rma.*** Alg'an bilimlerin'izdi test sorawlari' tiykari'nda si'nap ko'rin'.

*1. Ayti'wshi' aqi'l bolsa, ti'n'lawshi' dana bolar. «Ti'n'lawshi'» so'zi qaysi' ga'p ag'zasi'?*

A) bayanlawi'sh
V) baslawi'sh
S) ani'qlawi'sh
D) toli'qlawi'sh
E) pi'si'qlawi'sh

*2. Miyman atan'nan ulli'. «Miyman» so'zi qaysi' ga'p ag'zasi'?*

A) pi'si'qlawi'sh
V) ani'qlawi'sh
S) baslawi'sh
D) toli'qlawi'sh
E) bayanlawi'sh

*3. Alti' u'shke bo'linedi. «Alti'» so'zi qaysi' ga'p ag'zasi'?*

A) ani'qlawi'sh
V) toli'qlawi'sh
S) bayanlawi'sh
D) pi'si'qlawi'sh
E) baslawi'sh

*4. G'arri' yele quwnaq. «Quwnaq» so'zi qaysi' ga'p ag'zasi'?*

A) baslawi'sh
V) bayanlawi'sh
S) toli'qlawi'sh
D) pi'si'qlawi'sh
E) ani'qlawi'sh

*5. Densawli'q-teren' bayli'q. «Teren' bayli'q» so'zi qaysi' ga'p ag'zasi'?*

A) ani'qlawi'sh

V) pi'si'qlawi'sh

S) bayanlawi'sh

D) toli'qlawi'sh

E) baslawi'sh

## WO'ZBEKSTAN HA'M QARAQALPAQSTANNI'N' TARIYXI'Y WORI'NLARI'

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***


1. Sayi'mbetov Wo., Sultanova K., Turabaeva N., Mambetova G. Qaraqalpaq tilinin' a'meliyati'. No'kis, 2004.

2. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Sintaksis. No'kis, 1986.

3. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Sintaksis. No'kis, 1996.

4. Gazeta, jurnallar.


***54-tapsi'rma.*** Berilgen a'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zasi' pi'si'qlawi'sh haqqi'nda tu'sinigin'iz.
2. Qanday tariyxi'y an'i'zlardi' bilesiz?
3. Sizin' jasap ati'rg'an aymag'i'n'i'zda tariyxi'y wori'nlar bar ma?
   Wolar tuwrali' mag'li'wmat berin'.

***68-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'n tabi'n'.

### QARAQALPAQSTANDAG'I' TARIYXI'Y WORI'NLAR

Qaraqalpaqstan tariyxi'y wori'nlarg'a bay u'lke. Bul aymaqta yerte da'wirlerdi yesletetug'i'n yestelikler wog'ada ko'p. Wolardan Qoyqi'ri'lg'an qala, Ayaz qala, Topi'raqqala, Kerder, Ku'yikqala, To'k qala, Shi'lpi'q ha'm t.b.

Qoyqi'ri'lg'an qala du'nyada siyrek ushi'rasatug'i'n do'n'gelek quri'li's bolg'an. Wortasi'nda yeki qabat do'n'gelek diywal boli'p, woq atatug'i'n wori'nlar islengen. Wol astronomiyali'q baqlawlar worni' bolg'an degen boljawlar bar.

Topi'raqqaladan a'yyemgi Xorezm tilinde jazi'lg'an 100 den aslam hu'jjetler tabi'lg'an. Topi'raqqala to'rt mu'yesh formasi'nda u'lken gerbishten wo'rilgen. Qalani'n' arqa bo'liminde patshani'n' sarayi', wotqa si'yi'ni'w worni' ha'm bazar maydanshasi' bar.

Qusqana tawi'ni'n' yeteginde Ku'yikqala 41 ga ko'leminde bolg'an, wol sol da'wirdegi Buxara, Tashkentten de u'lken bolg'an. Xalqi' wo'nerment, diyxan ha'm bali'qshi' bolg'an.

***69-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Ishinen pi'si'qlawi'shti' tabi'n'.

**TO'K TAWI'**

A'yyem zamanlarda da'ryani'n' ayag'i'nda bir xali'q jasaydi'. Wolar usi' da'ryani'n' suwi'nan paydalani'p bali'q awlap, diyxanshi'li'q penen shug'i'llanadi' yeken. Ku'nlerden bir ku'n da'w da'ryani' baylamaqshi' boladi'. Da'ryani'n' ayag'i'nda jasawshi' xali'q wo'zlerinin' arasi'nan adam jiberip da'ryani', baylamawdi' wo'tinedi. Wolar qansha jali'nsa da da'w ti'n'lamaydi'. Sonda sol awi'ldi'n' bir kempiri da'wge wo'zi baradi'. Da'wdin' ju'retug'i'n joli'nda turi'p woni' ku'tedi. Qarasa yetegin topi'raq penen tolti'rg'an da'wdi ko'redi. Da'w tusi'nan wo'tip barati'rg'anda kempir: - Balam, topi'raqti' ne qi'lmaqshi'san'? – dep soraydi'. Da'w: - Da'ryani' baylayman dep juwap qaytaradi'. Sonda kempir: - Duri's qi'lasan' balam, bayla! Ayaqtag'i' suw ishpese uw ishsin, bayla! – deydi. Buni' yesitip da'w: - Sonsha adamlardi'n' aytqani'n ti'n'lamag'anda senin' aytqani'n'di' qi'larmedim. Al, baylamag'ani'm, - dep yetegindegi topi'raqti' sol jerge to'gip ketedi. Bul topi'raq taw boli'p u'yilip yelege shekem saqlani'p qali'pti'. Aqi'lli' kempir wo'jet da'wdi aqi'l-parasati' menen jen'ip, xalqi'n suwsi'zli'qtan aman saqlap qali'pti'.

## QARAQALPAQ XALI'Q DA'STANLARI'
## ALPAMI'S, YEDIGE, QI'RQQI'Z, SHA'RYAR

***Wo'z betinshe jumi's ushi'n a'debiyatlar:***


1. Alpami's da'stani'.
2. Yedige da'stani'.
3. Qaraqalpaq awi'zeki xali'q do'retpeleri. No'kis, 1990.
4. Qaraqalpaq folkloristikasi'. No'kis, 1989.
5. Qaraqalpaq folklori'. Sha'ryar da'stani'. No'kis, 1983.


***55-tapsi'rma.*** Berilgen a'debiyatlardan to'mendegi sorawlarg'a juwap tabi'n'.

1. Da'stan haqqi'nda tu'sinigin'iz.
2. Qaraqalpaq xalqi'ni'n' qanday da'stanlari' bar?
3. Wo'zbek xalqi'ni'n' qanday da'stanlari' bar?
4. Qaraqalpaq xali'q da'stanlari'ni'n' wo'zbek xalqi'ni'n' da'stanlari'nan

ayi’rmashi’li’g’i’.

5. Wo’zlerin’iz qaysi’ da’stanlardi’ bilesiz?

***56-tapsi’rma.*** Tekst qaysi’ da’stannan ali’ng’an? Teksttin’ izin wo’zlerin’iz toli’qti’ri’n’.

Qarshi’g’a qusti’n’ balasi’,
Qayi’n’da bolar uyasi’,
Qayi’n’ basi’n jel soqsa,
Qayg’i’da bolar yenesi,
Ga’hi ko’lde wo’ldi me,
Ga’hi sho’lde qaldi’ ma,
Men sorli’ni’n’ balasi’.
Iytelgi qusti’n’ balasi’,
Ji’lg’ada bolar uyasi’,
Ji’lg’a tu’bin suw alsa,
Ji’lap keter yenesi.
Ga’hi sho’lde wo’ldi me,
Ga’hi ko’lde qaldi’ ma,
Men sorli’ni’n’ balasi’.
Japalaq qusti’n’ balasi’,
Jantaqta bolar uyasi’,
Jantaqti’n’ ushi’n wot shalsa,
Ji’lap keter yenesi.
Ga’hi sho’lde wo’ldi me,
Ga’hi ko’lde qaldi’ ma,
Men sorli’ni’n’ balasi’.
Qaraqusti’n’ balasi’,
Yemende bolar uyasi’,
Yemen tu’bin qurt alg’anda
Ji’lap keter yenesi.

***57-tapsi’rma.*** U’zindi’ qaysi’ da’stanni’n ali’ng’an. Teksttin’ izin toli’qti’ri’n’. Da’stanni’n’ mazmuni’n so’ylep berin’.

Asti’mdag’i’ shubardi’,
Qara asi’m dep mingenmen,

U'stimdegi aq ko'ylek,
Kepinim dep kiygenmen,
Aq kirewi sawi'ti'm,
I'sqati'm dep ju'rgenmen,
Qarag'ay sapli' nayzamdi',
Sayg'ag'i'm dep bilgenmen,
Ispahan semser qi'li'shti',
Urani'm dep ju'rgenmen.

Mudam jortqani'n' yer me yedi,
Qulaqtan alg'ani'n' ter me yedi,
Kelgenler bizden zor ma yedi,
Ne ko'rdin' qara at, ne ko'rdin'?
Mingenin' ba'lent taw ma yedi,
Kiyatqan bizge jaw ma yedi,
Kelgenler bizden g'aw ma yedi,
Ne ko'rdin' qara at, ne ko'rdin'?

***58-tapsi'rma.*** U'zindi qaysi' da'stannan ali'ng'an. Izin toli'qti'ri'n'. Mazmuni'n so'ylep berin'.

Bay balasi' bayg'a usar,
Baylanbag'an tayg'a usar,
Biy balasi' biyge usar,
Biyik-biyik tawg'a usar,
Qul balasi' qulg'a usar,
Qulag'i' kesik iytke usar.
Baydi'n' uli' Baynazar,
Xojani'n' uli' Qosnazar,
Xojaman dep qudag'a,
Gu'na'kar boli'p almag'a,
G'oddaslaysan' yeneg'ar.
Atan'a na'let Kenjembay,
Atan' qara kisi yedi,
Nan bergennin' quli' yedi,
Yenen' jaman shori' yedi,
As bergennin' ku'n'i yedi,
So'z so'yleymen kestelep,

Sag’an mennen so’z kerek,
Asti’na qara pul sali’p,
U’stine qi’zi’l sebelep,
Aldayman dep keldin’ be?
Atan’a na’let ba’direk.

***59-tapsi’rma.*** U’zindi qaysi’ da’stannan ali’ng’an. Izin toli’qti’ri’n’. Mazmuni’n so’ylep berin’.

Qayg’i’ menen qarayi’p,
Qayi’sti’ ma bellerim,
Baylandi’ ma so’ylemey,
Sayrap turg’an tillerim.
Qursawli’ qara nasharlar,
Qali’n’ qarg’a sho’ktin’ be,
Ma’kan yetken jaylari’m,
Woynap-ku’lgen saylari’m,
Yelsiz-suwsi’z qaldi’n’ ba,
Qazan uri’p soldi’ ma?
Ashi’lg’an bag’da gu’llerim,
Dushpang’a wolja boldi’n’ ba,
Sarkoptag’i’ yellerim,
At asti’nda qaldi’ ma,
Ata-ana, inilerim.

***60-tapsi’rma.*** Tekstti qaraqalpaqshag’a awdari’n’.

## QORAQALPOQ XALQ OG’ZAKI IJODI

Folklor tushunchasining o’zi xalq og’zaki ijodi degan ma’noni anglatib, uning xalqchil belgisini ko’rsatib turadi.

Folklor degani xalqning badiiy so’zga, musiqaga chevar o’g’il qizlari tomonidan yaratilib, bir necha asrlardan beri mohir baxshilar tomonidan qayta ishlanib, unutilmasdan saqlanib kelayotgan asl badiiy so’z marjonlaridir.

Folklor haqida ilm paydo bo’lmagan bir davrlarda qoraqalpoq xalqi o’zining xalq og’zaki ijodlarini «dostonlar», «qissalar», «ertaklar», «naql-maqollar», «topishmoqlar», «qo’shiqlar», «aytishuvlar», «rivoyatlar» va hakozo atamalar bilan yuritganlar.

Xalq Berdaq, Ajiniyoz asarlari bilan «Alpomish», «Qoblan», dostonlarining farqlariga e'tibor berib qaradi. «Jirov», «baxshi», «qissaxon», «ertakchi» so'zlari bilan bir davrda «shoir» so'zi ham xalq orasida yoyilgan edi.

Qoraqalpoq folklori, umuman folklor namunalari yozma adabiyot bilan solishtirganda o'ziga xos jihatlari bilan ajralib turadi.

Folklorga xos xususiyatlardan eng birinchisi bu - folklor asarlarining ko'pchilik xalqlarda og'zaki yaratilib, og'zaki ijro etilishi, og'zaki tarqatilishidir. Ba'zi muallifi noma'lum folklor namunalari yozma turda yaratilib, yozma tarqalishi ham mumkin.

*Masalan:* «G'arib oshiq», «Sayotxon-Hamro» dostonlari og'zaki turda aytilib, yozma turda ham saqlangan. Ular dastlab kitob, keyin qissa shaklida tarqalgan.

Biz folklorni muallifi noma'lum, belgili bir xalq tomonidan yaratilgan ijod deymiz. Lekin muallifi, yaratuvchisi ma'lum ayrim asarlar ham folklorga kirishi mumkin. Ajiniyozning, Berdaqning, Jangaboy shoirlarning ba'zi asarlari shular jumlasidandir. Ular til uslubi jihatidan folklorga yaqin, xalq yaxshi ko'rganidan o'z mulki qilib olgan.

Yozma adabiy asarlar bir variantda bo'lsa, folklor namunalari bir necha variantlarda uchraydi. Og'zaki ijodning ko'p variantliligi folklorga xos xususiyatdir.

Folklorni o'rganadigan, shug'ullanadigan fanni folkloristika yoki folklorshunoslik, folklor bilan shug'ullanadigan olimlarni folklorist deymiz.

Folklor xalqning ma'naviy boyligi sifatida uning madaniyati tarixida katta o'rin egallaydi. Madaniyatning rivojlanishida ahamiyatli jihatlardan biri sanaladi.

***61-tapsi'rma.*** Alg'an bilimlerin'izdi test sorawlari' tiykari'nda si'nap ko'rin'.

*1. Hawa rayi' ashi'q. «Ashi'q» so'zi qaysi' ga'p ag'zasi'?*

A) baslawi'sh

V) bayanlawi'sh

S) toli'qlawi'sh

D) pi'si'qlawi'sh

E) ani'qlawi'sh

*2. Shegirtkeden qorqqan yegin yekpeydi. «Yegin» so'zi qaysi' ga'p ag'zasi'?*

A) baslawi'sh

V) ani'qlawi'sh

S) toli'qlawi'sh

D) pi'si'qlawi'sh

E) bayanlawi'sh

*3. Jerge yerteden tuqi'm sebildi. «Tuqi'm» so'zi qaysi' ga'p ag'zasi'?*

A) bayanlawi'sh

V) baslawi'sh

S) ani'qlawi'sh

D) toli'qlawi'sh

E) pi'si'qlawi'sh

*4. Baslang'an is tabi'sli' dawam yetiwde. «Baslang'an» so'zi qaysi' ag'za?*

A) baslawi'sh

V) bayanlawi'sh

S) ani'qlawi'sh

D) toli'qlawi'sh

E) pi'si'qlawi'sh

## MAZMUNI'


Alg'i' so'z ………………………………………………………………………………… 3
Qaraqalpaq tili - ma'mleketlik til. Qaraqalpaq tili qaraqalpaq xalqi'ni'n' milliy tili ……… 4
Til – dosli'q gilti ………………………………………………………………………… 6
So'z bayli'g'i' – til ko'rki ………………………………………………………………… 9
G'a'rezsiz Wo'zbekstan. Wo'zbekstan quyashli' u'lke ……………………………… 13
Wo'zbekstanni'n' ma'mleketlik belgileri …………………………………………… 15
Wo'zbekstan du'nya ju'zi arenasi'nda ……………………………………………… 18
Wo'zbekstandag'i' bilimlendiriw …………………………………………………… 20
Ilim si'rlari' sheksiz ………………………………………………………………… 23
Insan ha'm ja'miyet. Konstituciya – turmi'si'mi'z negizi ………………………… 25
A'debiyat-ruxi'yli'q tiykari'. Tu'rkiy tilles xali'qlar a'debiyati'ni'n' maqtani'shi' ……… 28
Qaraqalpaq shayi'rlari'. A'jiniyaz, Berdaq ………………………………………… 31
Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' iri tulg'alari'. T.Qayi'pbergenov, I.Yusupov shi'g'armalari'n u'yreniw ………………………………………………………… 36
Densawli'q-teren' bayli'q. Jeke gigiena-tazali'q girewi ………………………… 39
Wo'zbekstanda sport. Wo'zbekstan chempionlari' ………………………………… 40
Keleshek jaslar qoli'nda. Informaciyali'q texnologiyalar, internet ha'm jaslar ………… 42
XXI a'sir ilimi. Ali'm bolsan' a'lem seniki ………………………………………… 43
Ta'biyatti' qorg'aw-watandi' qorg'aw. Wo'zbekstanni'n' ekologiyali'q mashqalalari'. Adamni'n' ta'biyattag'i' worni' ……………………………………………………… 45
Qaraqalpaqstanni'n' haywanat ha'm wo'simlik du'nyasi' ………………………… 49
Tariyx ha'm ma'deniyat. Yeski ma'deniyat woraylari' …………………………… 53
Wo'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstanni'n' tariyxi'y wori'nlari' ……………………… 55
Qaraqalpaq xali'q da'stanlari'. Alpami's, Yedige, Qi'rqqi'z, Sha'ryar …………… 57

***Du'ziwshi:***

***B.R. Qurbanbaeva* - A'jiniyaz ati'ndag'i' NMPI Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi'ni'n' u'lken woqi'ti'wshi'si', filologiya ilimlerinin' kandidati'.**

**QARAQALPAQ TILI PA'NINEN WO'Z BETINSHE JUMI'SLAR**

***(woqi'w - metodikali'q qollanba)***

**Joqari' woqi'w wori'nlari'ndag'i' ta'lim basqa tillerde ali'p bari'latug'i'n fakultetlerdin' bakalavriat bag'dari' ushi'n**

**Tex. redaktor *U.B. Bali'mova***

**Operator *N. Ni'sanbaev***

**A'jiniyaz ati'ndag'i' NMPI redakciya-baspa bo'limi**

**A'jiniyaz ati'ndag'i' NMPI baspaxanasi'nda basi'lg'an 2013-j.**
**Buyi'rtpa 0026. Nusqasi'100 dana. Formati' 60x84. Ko'lemi 4 b.t.**
**230100, No'kis qalasi', A. Dosnazarov ko'shesi 104. Reestr № 11-3084.**